628.	IE	Terus gurune baik-baik ngono.	gurune baik-baik	
629.	IR	Gurune baik-baik, gak pernah diseneni?		
630.	IE	Enggak. Onok guruku jahat.		
631.	IR	Pernah nyeneni saman?		
632.	IE	He'eh.		
633.	IR	Terus sampean yo opo nek diseneni?		
634.	IE	Yo gak popo kak.		
635.	IR	Kok gak popo iku lo? Biyen pernah gak dilokno koncone nak sekolahan?		
636.	IE	Tau dilokno.	Tau dilokno	Subyek pernah diejek karena mengamen.
637.	IR	Dilokno piye?		
638.	IE	Ngamen dilokno ngamen.	dilokno ngamen.	
639.	IR	Dilokno arek akeh?		
640.	IE	He'eh terus tak arakno pak Yunus (Kepala sekolah subyek saat masih sekolah).	He'eh terus tak arakno pak Yunus (Kepala sekolah subyek saat masih sekolah).	Upaya guru memberikan perlindungan saat subyek diejek.

641.	IR	Terus?		
642.	IE	Diseneni, kak. Disetrap.	Diseneni Disetrap.	
643.	IR	Sing distrap sopo?		
644.	IE	Yo kabeh. Yo arek telu, limo iku kak.		
645.	IR	Sing ngilokno sampean iku maeng? Sampean sampean sampek nangis?		
646.	IE	Enggak.		
647.	IR	Pernah gak sampean nangis nak sekolahan gara-gara dilokno rewange?		
648.	IE	Gak kak.		
649.	IR	Gak pernah? Dadi pan dilokno langsung sampean kandakno nak gurune sampean? Biyen lapo seh, Del kok ikunan, kok mandek sekolah?		
650.	IE	Iyo, kak.		
651.	IR	Lapo?		
652.	IE	Gak popo.		
653.	IR	Hem?		
654.	IE	Gak popo.		

655.	IR	Kok gak popo kan pasti nduwe alasan.		
656.	IE	Soale diilokno arek-arek koncoku ngamen.	Soale diilokno arek-arek koncoku ngamen.	Mengalami diejek
657.	IR	Dilokno konco-koncane saman? Terus?		
658.	IE	He'eh. Terus disusul guruku kongkon sekolah. Baik guruku, kak.	disusul guruku kongkon sekolah	Adanya dukungan untuk sekolah lagi.
659.	IR	Terus mari ngono?		
660.	IE	Wedi aku. Wedi di anu koncoku.	Wedi di anu koncoku.	Merasa takut tidak diterima
661.	IR	O berarti sampean biyen wedi dianu konco-koncane sampean? Terus mari ngono, marine gak sekolah iku sampean lapo ae?		
662.	IE	Yo gak popo. Ngaji iku tok.		
663.	IR	Ngaji tok? Mbek ngamen iku?		
664.	IE	Iyo.		
665.	IR	Pas sampean ninggal milih gak sekolah iku yo opo perasaane sampean? Milih, wes aku gak usah sekolah ae wes. Iku perasaan e sampean yo opo?		
666.	IE	Yo sedih kak.	sedih	Subyek merasa sedih karena tidak sekolah.
667.	IR	Sedih e lapo?		
668.	IE	Yo kok aku gak sekolah.	gak sekolah.	

669.	IR	Hem?		
670.	IE	Gak sekolah. Gak isok nganukno cita-cita.	Gak isok nganukno cita-cita.	Merasa pesimis tidak bisa menggapai cita-cita.
671.	IR	O gak isok nganukno cita-cita? Lha nek ngerti gak isok nganukno cita-cita lapo kok biyen mandek sekolah?		
672.	IE	Iyok. Soale yo dianu konco-koncoku iku kak.		
673.	IR	Gak betah saman?		
674.	IE	He'eh		
675.	IR	Terus biyen iku guru-gurune sampean pernah nak omah e sampean? Ben sampean iku mbalik sekolah maneh?		
676.	IE	Pernah. Iyo.		
677.	IR	Sak liyane guru-guru sopo sing ngongkon sampean tetep sekolah?		
678.	IE	Konco-koncoku kak		
679.	IR	Diparani rono?sak liyane konco-konco iku maeng?		
680.	IE	Guru.		
681.	IR	Iyo sak liyane loro iku maeng? Sopo meneh?		
682.	IE	Uwes		

683.	IR	Mok guru mbek konco-koncane sampean? Ibuk e saman mbek bapak e saman? Mak e mbek bapak gak pernah ngongkon sekolah maneh?		
684.	IE	Ngongkon sekolah. Kepingin nek sekolah. Aku wedi. Wedi engko sang mbalik diseneni ambek guruku.	Kepingin nek sekolah. Wedi engko sang mbalik diseneni ambek guruku.	Adanya keinginan untuk kembali sekolah. Subyek merasa takut tidak diterima
685.	IR	O wedi nek mbalek diseneni karo gurune?		
686.	IE	He'eh.		
687.	IR	Terus akhire wes gak sekolah iku maeng? Mbek bunda gak dikongkon mbalik sekolah maneh?		
688.	IE	Dikongkon kak, tapine aku kepingin kejar paket.	kepingin kejar paket.	Memiliki keinginan untuk menggapai cita-cita.
689.	IR	Pengen kejar paket? Lapo kok pengen kejar paket?		
690.	IE	Iyo kak cek e iso nganukno cita-citaku.	cek e iso nganukno cita-citaku.	
691.	IR	Cek isok sekolah maneh? Terus wong tuwone sampean ngonoku piye pas sampean putus sekolah ngono iku?		
692.	IE	Yo sedih kak.	Sedih (<i>putus sekolah</i>)	Merasa sedih karena putus sekolah.
693.	IR	Terus?		

694.	IE	Polane gak isok membahagiakno. Aku gak isok membahagiakno.	gak isok membahagiakno.	Merasa pesimis
695.	IR	Emang membahagiakno wong tuwo iku ya opo seh?		
696.	IE	Yo nganu kak. Isok, isok, anu, opo iku isok nukokno klambi, isok nukokno mangan.	isok nukokno klambi, isok nukokno mangan. <i>(membahagiakan orang tua)</i>	Memiliki keinginan memenuhi kebutuhan sekunder orang tua sebagai bentuk membahagiakan orang tua.
697.	IR	Terus opo hubungane ambek putus sekolah?		
698.	IE	Iyoh. Yoh anu membahagiakno wong tuwo nganukno cita-citane.	membahagiakno wong tuwo nganukno cita-citane.	Memiliki keinginan membahagiakan orang tua dan menggapai cita-cita.
699.	IR	Terus terus yo opo? Wong tuwane sampean pas sampean putus sekolah sak liyane sedih ngono? Sedih tok tapi gak ngongkon sampean balik sekolah maneh?		
700.	IE	Ngongkon kak. Katene ngejarno aku paket.	<i>(orang tua)</i> Ngongkon Katene ngejarno aku paket.	Dukungan sosial orang tua
701.	IR	O pengen ngejarno paket? Pengen berarti sampean kejar paket iki.		
702.	IE	Iyo.		
703.	IR	Eh bapak e saman kerjo opo seh?		
704.	IE	Kerjo rosokan.	Kerjo rosokan.	Pekerjaan orang tua
705.	IR	Rosokan? Terus ibuk?		

706.	IE	Yo kadang-kadang dikongkon uwong umbah-ubah . Kadang-kadang yo nganukno umbah-ubah iku kak.	dikongkon uwong umbah-ubah.	
707.	IR	Ngonoku dibayari piro?		
708.	IE	Kadang-kadang telung puluh, patang puluh ngono.		
709.	IR	Sedino iku? Terus iku digawe mangan wong piro?		
710.	IE	Yo wong limo, kak.		
711.	IR	O wong limo? Cacak gak kerjo?		
712.	IE	Kerjo. Cak agus ambek cak pebri.		
713.	IR	Kerjo nak endi.		
714.	IE	Kerjo sing nak jembatan parkir-parkir iku lo kak.	Kerjo sing nak jembatan parkir-parkir	Pekerjaan kakak subyek.
715.	IR	O nak parkir jembatan? Ngonoku oleh piro munggonan nek kerjo?		
716.	IE	Oleh piro? Oleh patang puluh kadang.		
717.	IR	Terus duwite gawe opo?		
718.	IE	Yo gawe, embuh gawe opo?		
719.	IR	Gak dikekno emak?		
720.	IE	Enggak?		

721.	IR	Oww. Tapi nek maem karo emak?		
722.	IE	Enggak, kak.		
723.	IR	Terus?		
724.	IE	Dewe.		
725.	IR	Oo dewe. Saman biyen lapo del kok ngamen?		
726.	IE	Yo nganu ambek dolenan iku kak. Ambek dolenan ambek koncoku, terus anu...		
727.	IR	Lapo o kok ngamen?		
728.	IE	Iyo, dolenan ambek konco-konco. Guyonan. Playon-playonan.		
729.	IR	Kok isok dadi ngamen?		
730.	IE	Iyo melok i konco-konco.	melok i konco-konco.	Mengamen karena mengikuti teman-temannya.
731.	IR	O melok i konco-konco ngamen? Sak liyane iku opo'o kok milih ngamen?		
732.	IE	Yo nontok arek iku kak. Nontok arek-arek terus kepengen ngamen.	Nontok arek-arek terus kepengen ngamen.	Melihat teman-temannya mengamen kemudian ikut mengamen.
733.	IR	Terus mari ngono duwite saiki nggo opo?		
734.	IE	Yo duwike kadang-kadang tak amek limang ewu, tak kekno ibukku.	tak kekno ibukku.	Memberikan uang hasil mengamen kepada ibunya.

735.	IR	Ge opo?		
736.	IE	Yo gawe tuku sego, kak.	gawe tuku sego	Menggunakan uang hasil mengamen untuk mencukupi kebutuhan primer.
737.	IR	Nek misalkan saman gak ngamen, opo o?		
738.	IE	Yo gak mangan.		
739.	IR	Sing gak mangan sopo?		
740.	IE	Yo bapakku ambek makku.		
741.	IR	Kan mereka kan kerjo?		
742.	IE	Rosokane piro kak? Paling payu sepuluh kak.	Rosokane piro kak? Paling payu sepuluh kak.	Menyadari kekurangan orang tuanya secara finansial.
743.	IR	Sepuluh ewu?		
744.	IE	He'eh.		
745.	IR	Meskipun akeh? Meskipun uwakeh ngono mosok mek sepuluh ewu?		
746.	IE	Iyo. Iyo kak.		
747.	IR	Terus-terus? Berarti nek sampean gak ngamen, bapak ibuk e saman gak maem?		
748.	IE	Iyo.		
749.	IR	Saman barang yo gak maem? Mangkane terus sampean ngamen iku? Sak liyane		

		ngamen, sak liyane ngamen sampean ngono iku lapo ae ge golek duwek iku?		
750.	IE	Yo kadang-kadang nok kain-kain, thelek duwek kak gae tuku sego.	kadang-kadang nok kain-kain, thelek duwek	Subyek meminta uang ke penjual kain-kain selain mengamen
751.	IR	Lha yo nggelek duwek e piye?		
752.	IE	Nek piye yo kak?		
753.	IR	Yo ngamen ngono to nang kain-kain?		
754.	IE	Enggak. Enggak ngamen. Njaluk.		
755.	IR	Njaluk opo?		
756.	IE	Njaluk duwek e kadang enek sing ngak i kudung.		
757.	IR	Ooo kadang-kadang onok sing ngekeki kudung? Terus sak liyane ngamen yo, sampean iku lapo ae ben entuk duwet iku maeng?		
758.	IE	Enggak. Gak lapo-lapo.		
759.	IR	Gak pernah dodolan ngono iku?		
760.	IE	Enggak, mbiyene dodolan karo Maya.	mbiyene dodolan	berjualan
761.	IR	Opo?		
762.	IE	Roti Mariam.		

763.	IR	Tapi payu?		
764.	IE	Iyo payu.		
765.	IR	Terus lapo gak dodolan mariam ae?		
766.	IE	Maya iku, gendeng maya iku.		
767.	IR	Lapo?		
768.	IE	Gak gelem. Isin jare.		
769.	IR	O gak gelem? Lha gak yo luweh isinan ngamen to?		
770.	IE	Embuh, Maya og.		
771.	IR	Nek sampean, lhe lek sampean isinan ndi ngamen mbek dodolan?		
772.	IE	Yo isinin ngamen kak.	isinin ngamen	Merasa lebih malu saat mengamen dibanding saat berjualan.
773.	IR	Lapo o kok isinan ngamen?		
774.	IE	Kan nganuan ngamen kak, sang dodolan bondo kak. Nek ngamen iku kan njaluk.	dodolan bondo Nek ngamen iku kan njaluk.	
775.	IR	O gak bondo ngono? Wong tuwone sampean iku nduwe jabatan gak?		
776.	IE	Jabatan iku opo kak?		
777.	IR	Yo koyok dadi RT ngono kuwi lo.		

778.	IE	Enggak, kak.		
779.	IR	Gak pernah bek e dadi lurah ngono kuwi?		
780.	IE	Enggak.		
781.	IR	Sampean kan asline kediri yo, Del? Lapo kok ikunan. Ibuk e sampean karo bapak e sampean kok milih urip nang suroboyo timbangane nang kediri?		
782.	IE	Iyo. Thelek duwek kak gawe anu isok dodolan nang ndeso. Dichelengi duwite.	gawe anu isok dodolan nang ndeso. Dichelengi duwite.	Adanya inisiatif untuk merubah kondisi ekonomi.
783.	IR	Gelek duwek terus?		
784.	IE	Gawe dodolan nang ndeso.		
785.	IR	Nduwe dodolan opo nang ndeso?		
786.	IE	Enggak. Kajenge. Kajenge dodolan lodeh. Koyok, kan onok kak warung peninggalane mbahku nang kono.	Kajenge dodolan lodeh.	Adanya inisiatif untuk merubah kondisi ekonomi.
787.	IR	Emm he'em. Lha terus katene dodolan ngono to? Terus lapo kok saiki nang suroboyo tambahan? Kok gak langsung dodolan nak ndeso ae?		
788.	IE	Nggenteni rioyo iki kak.		
789.	IR	Nggenteni rioyo katene mulih nang ndeso terusan?		

790.	IE	Ambek selamatane mbahku.		
791.	IR	Ooohh...emang nang ndeso gak onok penggawean to?		
792.	IE	Gak onok, kak.		
793.	IR	Bek e ngewang-ngewangi tonggone ngono?		
794.	IE	Gak onok kak. Cuman cacakku iku dadi bangunan.	cacakku iku dadi bangunan.	Pekerjaan kakak subyek sebagai kuli bangunan di desa.
795.	IR	Ohh dadi bangunan nek nang ndeso? Lha yo lapo gak nang ndeso ae?		
796.	IE	Enggak. Gak gelem emak.		
797.	IR	Del, menurut e sampean yo wong sing terpandang, sukses iku sing koyok yo opo seh?		
798.	IE	Yo wong sing nduwe toko dewe, kak. Isok tuku mobil ngono.	<i>(Pandangan subyek tentang orang sukses)</i> sing nduwe toko dewe Isok tuku mobil ngono.	Memandang orang sukses adalah yang mandiri secara ekonomi.
799.	IR	Wong sing nduwe toko dewe, isok tuku mobil... sak liyane iku?		
800.	IE	Yo anu kak, isok tuku omah.	isok tuku omah.	
801.	IR	Isok tuku omah? Sing dadi opo seh wong sing sukses iku?		

802.	IE	Onok sing dadi dokter , onok sing dadi guru iku kak.	dadi dokter, dadi guru	Memandang orang sukses adalah yang memiliki profesi terpendang.
803.	IR	Nek nang kene sopo wong sing paling sukses iku, del?		
804.	IE	Yo anak e bu RT kak.		
805.	IR	O anak e bu RT. Emang anak e Bu RT dadi opo?		
806.	IE	Anu dodolan koyok anu iku lo kak, sarung teko haji, teko umroh.		
807.	IR	Oo dodolan sarung teko umroh ngono ku? Terus dodolan opo maneh?		
808.	IE	Kurmo, kismis, iku lo kak.		
809.	IR	Emmmm, iku berarti wes sukses yaaa?		
810.	IE	Iyah.		
811.	IR	Del, sampean gak pegel nek ngamen?		
812.	IE	Yo kadang-kadang pegel kak.		
813.	IR	Terus opo o kok isik ngamen?		
814.	IE	Iyo. Wes kulino ket cilik.	Wes kulino	Merasa telah terbiasa sejak kecil.
815.	IR	Wes kulino? Gak bosan nek ngamen?		
816.	IE	Enggak.		

817.	IR	Nek misalkan gak ngamen opo o seh? Opo sing sampean rasakno?		
818.	IE	Yo gak popo kak.		
819.	IR	Seneng to gak nek gak ngamen?		
820.	IE	Seneng.	Seneng.	Merasa senang saat tidak mengamen.
821.	IR	Seneng ndi ngamen mbek gak ngamen?		
822.	IE	Seneng gak ngamen.	Seneng gak ngamen.	Merasa lebih senang jika tidak mengamen.
823.	IR	Nek gak ngamen gak diseneni? Diseneni ta gak nek gak ngamen?		
824.	IE	Enggak.		
825.	IR	Temen enggak diseneni?		
826.	IE	Iyah.		
827.	IR	Nek misalkan oleh sak ithik ngonoku diseneni to gak?		
828.	IE	Enggak kak. Lapo diseneni?		
829.	IR	Bek e diseneni buk e saman? Pernah gak diseneni?		
830.	IE	Enggak.		
831.	IR	Onok gak seh sing mekso sampean ben sampean iku ngamen?		

832.	IE	Gak onok, aku dewe.		.
833.	IR	Karep e sampean dewe? Nek seng mekso sampean mandek sekolah?		
834.	IE	Gak onok, aku dewe.		
835.	IR	Saman dewe? Del, saman kan sering yo pan ngamen ngonoku terus dicekel satpol PP ngonoku? Pernah kan? Pernah ping piro?		
836.	IE	Situk.		
837.	IR	Ping situk? Terus digowo nak ndi?		
838.	IE	Liponsos kak.		
839.	IR	Terus pas saman ikunan yo? Menurut e sampean yo nek pas saman ngamen mari ngono saman ditangkap satpol PP ngonoku sing salah sopo? Sing salah sopo? Satpol PP ta sampean?		
840.	IE	Yo aku kak.	<i>Yo aku (yang salah saat ditangkap Satpol PP)</i>	menyadari kesalahannya saat tertangkap satpol PP karena dia mengamen.
841.	IR	Lapo o kok saman sing salah?		Merasa bersalah karena bisa mencari uang dengan cara lain selain mengamen.
842.	IE	Kan gelek duwet kak, gak sah ngamen gak popo.	Kan gelek duwet gak sah ngamen gak popo.	

843.	IR	Terus nek ditangkap satpol PP ngunuku? Nek gak sah ngamen gak popo lapo sampean kok isik ngamen?		
844.	IE	Yo gak popo kak.		
845.	IR	Gak popo? Tenan gak popo? Opo o kok saman sing salah dan satpol PP gak salah sing menangkap sampean?		
846.	IE	Kan aku kan gelek duwet kak. Sang ngamen gak popo. Nek delek duwet gk oleh.		
847.	IR	Nek ngamen gak popo?		
848.	IE	Kan nak ampel iku kak.		
849.	IR	Ooo nek nak ampel gak oleh? Tapi nek nang liyane kono?		
850.	IE	He'em. Gak oleh kak.		
851.	IR	Lha ngerti gak oleh kok isik ngamen?		
852.	IE	Anu, arek-arek lo kak.		
853.	IR	Terus wong-wong ndek sekitare sampean iku yo opo nak sampean? Wong-wong njobo ngonoku?		
854.	IE	Yo sakno kak.	sakno	Merasa dikasihani dan disayangi orang lain dengan diberi uang dan nasi.
855.	IR	Oh sakno karo sampean? Sayang gak seh karo sampean?		

856.	IE	Sayang.	Sayang.	
857.	IR	Contone sayange yo opo?		
858.	IE	Yo dikak i duwet kak, dikak i sego.	dikak i duwet kak, dikak i sego.	
859.	IR	Del, sampean iku sak liyane ngamen lapo ae bendino?		
860.	IE	Yo nganu dikongkon ngangkut barang, dikongkon njimik banyu, dikongkon ngelempit-ngelempit.	dikongkon ngangkut barang, dikongkon njimik banyu, dikongkon ngelempit-ngelempit.	Membantu orang tua
861.	IR	Bendino?		
862.	IE	Iyo dikongkon belajar.		
863.	IR	Belajar opo Del?		
864.	IE	Koyok nulis iku kak.		

WAWANCARA KE II

Pelaksanaan wawancara : Sabtu, 11 Agustus 2018
 Pukul : 13:41-:14:18 WIB.
 Lokasi : di Kos-kosan Subyek (Jl Gili gang V-Surabaya)

NO	IE/IR	Verbatim	Kata Kunci	Tema
865.	IR	Del, orang tua dela kerjanya sebagai apa?		
866.	IE	Mencuci.	Mencuci.	Pekerjaan ibu subyek buruh cuci.
867.	IR	Sing siapa yang mencuci?		
868.	IE	Orang tuu.. anu yang apa, ibuk mencuci baju.		
869.	IR	Emmm ibuk tok?		
870.	IE	Iya.		
871.	IR	Terus, bapak?		
872.	IE	Bapak kerja pemulung.	Bapak kerja pemulung.	Pekerjaan ayah subyek sebagai pemulung.
873.	IR	Kerja pemulung? Ibuknya dela biasanya dapat uang berapa sehari?		
874.	IE	Dapat uang tiga puluh, dua puluh, lima puluh gitu.		
875.	IR	Gak mesti yaa?		

876.	IE	Iya.		
877.	IR	Kalau bapak?		
878.	IE	Kalau bapak, anu kak diklumpukno sek kak rosokane engko di ditimbangno.		
879.	IR	Biasane diklumpukno pirang ndino lagek ditimbangno?		
880.	IE	Rong ndino, telong ndino, petang ndino ngono kak.		
881.	IR	Lagek ditimbangno terus entuk duwet?		
882.	IE	He'eh		
883.	IR	Terus ngonoki biasane sekali nimbangno entuk duwet piro?		
884.	IE	Kadang-kadang oleh rong puluh, telong puluh, uwes.	Kadang-kadang oleh rong puluh, telong puluh	Penghasilan ayah 20-30 ribu/3 hari
885.	IR	Rong puluh, telong puluh? Terus opo jenenge iku gawe maem wong piro, duwet iku gawe opo?		
886.	IE	Gawe maem wong telu.		
887.	IR	Sopo ae?		
888.	IE	Aku bapakku makku. Uwes.		
889.	IR	Sedino maem e peng piro?		

890.	IE	Sedino maem e peng loro.		
891.	IR	Ping loro tok?		
892.	IE	He'eh.		
893.	IR	Ping loro ngonoku jam piro nek maem?		
894.	IE	Kadang isuk jam pitu, kadang jam songo, jam sepuluh, jam suwelas.		
895.	IR	Kadnag jam rolas?		
896.	IE	He'e. Terus maneh jam telu, jam papat, ngono kak.		
897.	IR	Terus bengi wes gak tau maem maneh?		
898.	IE	Mangan emie tapi.		
899.	IR	O mie?		
900.	IE	He'eh		
901.	IR	Bendino mangan mie?		
902.	IE	Iyo.		
903.	IR	Terus sing maem pindo ngonoku maeng lawuh e opo?		
904.	IE	Iwak endok, jangan sop, iwak pindang	Iwak endok, jangan sop, iwak pindang	Pemenuhan Gizi Subyek

905.	IR	Maeng esok, maeng esok lawuh opo?		
906.	IE	Mabengi ta?		
907.	IR	Maeng esok, maeng esok durung maem?		
908.	IE	Iyo mari.		
909.	IR	Lawuh opo?		
910.	IE	Endok tok ambek sop. Uwes.	Endok tok ambek sop	Pemenuhan gizi subyek
911.	IR	Endok ambek sop?		
912.	IE	He'e		
913.	IR	Terus engko ngonoku maem e opo?		
914.	IE	Yooo koyok ngono maneh, kak. Seterahku.		
915.	IR	Hem?		
916.	IE	Seterane iwak aku.		
917.	IR	Opo?		
918.	IE	Seterane njaluk iwak opo.		
919.	IR	Ooo terserah sampean?		
920.	IE	He'e. Kan onok kan nok ngisor dodolan iku onok iwak-iwak kuabeh onok.		

921.	IR	Ngonoku reo piro anune, segoe? Segombek iwak ngonoku?		
922.	IE	Pitung ewu.		
923.	IR	Sak bungkuse pitung ewu?		
924.	IE	He'e.		
925.	IR	Terus tukune piro?		
926.	IE	Opone?		
927.	IR	Tuku pirang bungkus?		
928.	IE	Kadang-kadang telu kak, kadang-kadang loro.		
929.	IR	Loro dimaem wong telu tapi?		
930.	IE	He'eh.		
931.	IR	Terus sing cacak e sampean gak maem?		
932.	IE	Iki dewe kerjo kak.		
933.	IR	Oo cacak e kerjo opo?		
934.	IE	Kerjo markir nang jembatan.		
935.	IR	Kro-karone?		
936.	IE	Iyo. Gantian, agus (kakang subyek) sampek jam songo. Agus budal jam		

		songo kadang-kadang budal jam wolu. Iku engko marine jaaaaaaaaaam jam rolas kadang-kadang jam siji. Setengah loro. Mari iku setengah loro ganti cak pebri (kakang subyek) pasan.		
937.	IR	Sampek jam piro?		
938.	IE	Sampek jam papat jam limo. Uwes iku.		
939.	IR	Nek bengi wes ogak?		
940.	IE	Gak.		
941.	IR	Terus berarti ibuk e saman mbek bapak e saman ngonoku sedino entuk duwet piro?		
942.	IE	Saiki enggak, kak. Gak kerjo saiki.		
943.	IR	He? Ibuk e?		
944.	IE	He'e.		
945.	IR	Terus engko nek maem ngonoku ngge duwet opo?		
946.	IE	Anu kak, kan mau aku golek duwet.	kan mau aku golek duwet.	Menggantikan orang tuanya mencari uang saat orang tua sedang tidak ada pekerjaan.
947.	IR	Kapan?		
948.	IE	Gek tas.		

949.	IR	O mau saman mau ngamen?		
950.	IE	He'e.		
951.	IR	Nggolek duwet ning ndi?		
952.	IE	Ning nggone pasar bong.		
953.	IR	Pasar?		
954.	IE	Iki lo kak kembang jepun lo.		
955.	IR	Kembang jepun?		
956.	IE	He'e.		
957.	IR	Nok kono kuwi?		
958.	IE	Cidek e sekolaanku biyen.		
959.	IR	Emang entuk duwet piro?		
960.	IE	Oleh duwet dua puluh		
961.	IR	Dua puluh? Ket jam piro ngonoku?		
962.	IE	Jaaaamm songo sampek jam suwelas.		
963.	IR	Jam songo sampek jam suwelas iku entuk duwet dua puluh?		
964.	IE	He'e.		

965.	IR	Ngonoku piye, Del sampean opo jenenge nek pas eruh wong tuwane saman gak kerjo ngonoku?		
966.	IE	Opo?		
967.	IR	Yo opo perasaan e sampean?		
968.	IE	Yo gak popo kak. Malah enak aku sing kerjo.	Malah enak aku sing kerjo.	Merasa lebih senang ketika bisa menggantikan orang tua bekerja.
969.	IR	Oh malah enak?		
970.	IE	Sang wes gede enak kak aku wes kerjo.	wes gede enak kak aku wes kerjo.	Adanya keinginan memiliki pekerjaan yang lebih baik.
971.	IR	Opo?		
972.	IE	Timbange ngamen? Sang wes gede lo kak.	Timbange ngamen? Sang wes gede lo kak.	
973.	IR	Oh nek wes gede. Nek saiki? Saiki ngono iku yo opo perasaane sampean nek nyawang bapak e saman ngono, ibuk e sampean?		
974.	IE	Yo sakno kak, kerjo.		
975.	IR	Gak kudu nangis tapi ngonoku?		
976.	IE	Kudu kak.		
977.	IR	Kudu? Terus ngonoku opo jenenge nek pas ibuk e saman bapak e saman gak		

		kerjo sampean lapo? Sampean ngonoku piye?		
978.	IE	Yo dolen.		
979.	IR	Nek bapak e saman mbek ibuk e saman gak kerjo?		
980.	IE	Iyo dolen.		
981.	IR	Dolen tok?		
982.	IE	Ha'a		
983.	IR	Gak ngewangi golek duwet?		
984.	IE	Enggak.		
985.	IR	Mau jare ikunan bapak mbek ibuk e gak kerjo mari ngonosampean sing golek duwet?		
986.	IE	Iyo kak, kadang-kadang aku kak sing golek duwet kak. Kadang-kadang dikek i mbakku rong puluh ngono, kak.	kadang-kadang aku kak sing golek duwet	Adanya inisiatif mencari uang saat orang tua tidak bekerja.
987.	IR	Nek pas mak e saman ambek sopo?		
988.	IE	Bapak.		
989.	IR	Bapak gak kerjo?		
990.	IE	Iyo. Ambek cacakku pisan dikak i.		

991.	IR	Terus sak liyane iku? Sak liyane iku sampean dewe lapo nek ngerti wong tuwane sampean pas gak nde duwet ngonoku?		
992.	IE	Yo kadang-kadang aku kepingin tholek duwet aku gak oleh kak.	kadang-kadang aku kepingin tholek duwet aku gak oleh kak.	Inisiatif saat orang tua tidak punya uang.
993.	IR	Lha lapo kok gak oleh?		
994.	IE	Polane kesel kak.		
995.	IR	Sing kesel sopo? Sampean?		
996.	IE	Engko bengi kan tholek duwet kak, ngamen.		
997.	IR	Terus?		
998.	IE	Yo polane engko kesel.		
999.	IR	Sing kesel iku sopo?		
1000.	IE	Aku.		
1001.	IR	Eeeee. Sampean sing kesel? Terus akhire piye ngono iku nek misalkan sampean dipengengbuke sampean mbek bapak e saman?		
1002.	IE	Pengeng iku opo kak?		
1003.	IR	Dilarang... dilarang ngamen ngono iku.		

1004.	IE	Yo dolen nontok tipi nok omah ning koncoku.		
1005.	IR	Tapi ngono iku nontok tipi isok tenang to nek ngerti mak e saman mbek ibuk e saman, e mak e saman mbek bapak e saman gak nde duwet ngono? Isik isok nontok tipi?		
1006.	IE	Isok.		
1007.	IR	Bapak e saman mbek ibuk e saman ngonoki pernah crito to nek sampean nek wonge ra ndue duwet ngonoku?		
1008.	IE	He'em.		
1009.	IR	Piye nek crito?		
1010.	IE	Mak, kek i duwet e sewu mak. Gak nde duwet del. Oh yo uwes. Meneng kak	Gak nde duwet Meneng	Memahami kondisi ekonomi keluarganya.
1011.	IR	Nek bapak ngonoku? Nek bapak?		
1012.	IE	Pak kek i duwet e sewu pak. Gak onok njaluk o makmu ngono kak.		
1013.	IR	Nek pas gak nduwe duwet karo?		
1014.	IE	Yo njaluk nang cacakku dikak i rong ewu. Mang ewu.	njaluk nang cacakku dikak i	Meminta uang kepada kakak laki-laki subyek.
1015.	IR	Gae opo ngonoku del?		
1016.	IE	Ge tuku sego kak.		

1017.	IR	O ge tuku sego? Lha kok muk sewu?		
1018.	IE	Yo sing maengewu tak ge tuku mie nggoreng.		
1019.	IR	Berarti gelek maem mie lak an?		
1020.	IE	He'e.		
1021.	IR	Bendino mangan mie gak mblenger del.		
1022.	IE	Enggak.		
1023.	IR	Enak to mie iku?		
1024.	IE	Enak kak.		
1025.	IR	Gak tau mangan sayur sampean?		
1026.	IE	Tau. Bendino kak, sop.		
1027.	IR	Sop terus opo ae?		
1028.	IE	Sop anu iku lo kak. Sop opo iku? Iku lo kak, sopo opo yo? Sop being iku loo kak terus anu, sop asem wi lo, kak.		
1029.	IR	Sayur asem wi to?		
1030.	IE	He'e, sayur asem.		

1031.	IR	Sop asem? Sayur asem. Sampean ngonoku seneng ta gak del nek wong tuwane saman gak nde duwet?		
1032.	IE	Gak seneng kak.		
1033.	IR	Gak seneng. Nek gak seneng terus?		
1034.	IE	Yo disyukuri kak. gak nduwe duwet.	disyukuri kak. gak nduwe duwet.	Bersyukur meskipun tidak punya uang.
1035.	IR	Sedih ta yo opo?		
1036.	IE	Yo sedih, kak.	sedih, Polane nontok makku gak mangan	Subyek merasa sedih karena melihat ibunya tidak makan.
1037.	IR	Sedih e lapo'o?		
1038.	IE	Polane nontok makku gak mangan kak.		
1039.	IR	Tau ngonoku saman mangan tapi mak e gak mangan?		
1040.	IE	Tau, kak.		
1041.	IR	Yo opo ceritane coba? Pernah tapi.		
1042.	IE	Kak, kak, pernah. Yo uwes pernah.		
1043.	IR	Tapi saman eruh nek mak e saman gak mangan?		
1044.	IE	Eruh kak.		

1045.	IR	Terus sampean mangan? Ngunu iku mak e sampean ngomong piye?		
1046.	IE	Wes mangano. Gak ta mak saman? Gak, uwes awakmu ae.		
1047.	IR	Berarti mak e saman milih gak mangan terus sampean sing dikongkon mangan nek pan gak nduwe duwet?		
1048.	IE	Iyo, kadang-kadang tak wenehi sego separo.	kadang-kadang tak wenehi sego separo.	Subyek membagi makanan dengan ibunya.
1049.	IR	Separo ding? Terus ngunu ku sak liyane ngamen ya, nek sampean ngerti wong tuwane sampean gak nduwe duwet ngunuku sampean lapo?		
1050.	IE	Kadang-kadang tholek duwet.	Kadang-kadang tholek duwet.	Yang dilakukan saat kedua orang tua tidak punya uang adalah mencari uang.
1051.	IR	Gelek duwet e nang ndi?		
1052.	IE	Nok pasar.		
1053.	IR	Kok lapo? Ngamen?		
1054.	IE	He'em.		
1055.	IR	Sak liyane ngamen?		

1056.	IE	Onok kak, kadang-kadang tholek duwet. Njaluki nang pasar, njaluki langganan wi lo kak.	Njaluki nang pasar, njaluki langganan	Selain mengamen subyek meminta uang kepada langganan di pasar.
1057.	IR	Njaluki langganan wi ya opo?		
1058.	IE	Biasane iku dikak i kak. Njaluk engko dikak i, ngono. Langganan yo langganan ngono kuwi lo kak.		
1059.	IR	Langganan piye to?		
1060.	IE	Yo kan mari dikak i terus iku digae langganan bendino gak popo.		
1061.	IR	O nek wes tau mari dikek ipisan terus dige langganan?		
1062.	IE	He'e.		
1063.	IR	Tapi gak diseneni wonge ngono iku?		
1064.	IE	Enggak.		
1065.	IR	Sampean oleh e saman ngamen ngono kui samean weneho wong tuwo kabeh to?		
1066.	IE	Iyo kak.		
1067.	IR	Oleh piro biasane?		
1068.	IE	Kadang-kadang oleh rong puluh telung puluh, petang puluh, uwes.		

1069.	IR	Langsung saman kekno sopo?		
1070.	IE	Ibuk.		
1071.	IR	Dikek no ibuk kabeh? Terus karo ibuk ngonoku dienggo tuku opo ae? Karo ibuk digawe tuku opo ae?		
1072.	IE	Yo digawe tuku sego kak. Sisane digawe engko maneh uwes entek pasan.	digawe tuku sego digawe engko maneh	Digunakan untuk memenuhi kebutuhan primer.
1073.	IR	Berarti sampean nek oleh duwet ngonoku Cuma gawe tuku sego tok gawe mangan wong telu?		
1074.	IE	He'em, iyo.		
1075.	IR	Ngunuku saman biyen kepiye seh Del kawitane kok isok ngamen iku?		
1076.	IE	Yo mbiyen e melok konco-konco iku kak umpamane kate dolan nontok. Yo dolan nak kono kak.	mbiyen e melok konco-konco iku kak umpamane kate dolan nontok.	Mengamen berawal dari menyaksikan teman-temannya kemudian ikut mengamen.
1077.	IR	Terus?		
1078.	IE	Terus nontok koncoku ngamen kak melok. Terus oleh akeh terus ngamen.	nontok koncoku ngamen melok oleh akeh terus ngamen.	Melihat teman, mengikuti, mendapatkan hasil banyak ikut mengamen.
1079.	IR	O kawitan iku berarti melok-melok koncone?		
1080.	IE	Iyo.		

1081.	IR	Tapi biyen dikongkon gak ngonoku?		
1082.	IE	Enggak.		
1083.	IR	Karepe saman dewe? Gak diseneni mak e ngono kuwi?		
1084.	IE	Diseneni kak kadang-kadang.	Diseneni kak kadang-kadang	Adanya perlindungan agar tidak mengamen.
1085.	IR	Biyen pas ngamen lagekan diseneni?		
1086.	IE	Iyo ambek bapakku pisan.	ambek bapakku pisan.	
1087.	IR	Piye piye nek nyeneni?		
1088.	IE	Kon iku melok-melok i konco-koncomu ae ojok ngamen ngono kak.	ojok ngamen	Adanya. perlindungan agar tidak mengamen
1089.	IR	Lapo kok gak oleh ngamen?		
1090.	IE	Yo gak oleh kak, sangking aku mekso gak popo terusan.	gak oleh kak, sangking aku mekso gak popo terusan.	
1091.	IR	Lapo saman kok mekso?		
1092.	IE	Iyo kak gawe tuku sego e bapakku, kak. Oleh piro kak, rosokan. Oleh rong puluh paling.	Oleh piro kak, rosokan. Oleh rong puluh paling	Memahami kondisi ekonomi keluarga
1093.	IR	Rong puluh iku, pas mari nglumpukno pirang-pirang ndino iku?		
1094.	IE	He'em.		

1095.	IR	Terus?		
1096.	IE	Uwes.		
1097.	IR	Tapi biyen iku gak onok sing mekso sampean?		
1098.	IE	Enggak.		
1099.	IR	Gak onok sing ngongkon?		
1100.	IE	Gak onok.		
1101.	IR	Onok sing ngajak?		
1102.	IE	Onok.		
1103.	IR	Sing ngajak sopo?		
1104.	IE	Konco-koncoku.		
1105.	IR	Tapi saman pas dijak ngamen iku gak terpaksa ngono?		
1106.	IE	Terpaksa kak.	Terpaksa	Merasa terpaksa.
1107.	IR	Lapo kok terpaksa?		
1108.	IE	Iyo kak. Timbange nak omah kak. Dolen tok. Kan isok-isok nganu kak. Isok mbantu wong tuo ngono kak.	Timbange nak omah kak. Dolen tok. Kan isok-isok nganu kak. Isok mbantu wong tuo ngono kak.	Orientasi ekonomi

1109.	IR	O, terus saiki ngono lo. Kan biyen kan sampean kan diajak konco-koncane sampean yo? Mari ngono sampean wes kulino to?		
1110.	IE	He'em.		
1111.	IR	Terus saiki ngonoku nek misalkan ibuk bapak e sampean iku gak oleh penggawean gak kerjo terus gak entuk duwet ngonoku, opo jenenge sampean dikongkon ngamen gak? Nek saiki, saiki?		
1112.	IE	Dikongkon kak.		
1113.	IR	Dikongkon saiki?		
1114.	IE	Iyo.		
1115.	IR	Nek ngongkon yo opo?		
1116.	IE	Del ngamen, del gawe tuku sego ngono kak.		.
1117.	IR	Tapi ngonoku ngongkone gak ambek disentak i?		
1118.	IE	Enggak. Lapo disentak i?		
1119.	IR	Opo?		
1120.	IE	Lapo disentak i?		

1121.	IR	Terus-terus? Terus yo opo?		
1122.	IE	Uwes. Ngamen kak.		
1123.	IR	Tapi saman nek dikongkon ngamen ngonoku gak sedih ta ikunan ngono?		
1124.	IE	Gak sedih , kak. Lapo sedih? Kan ambek mbantu wong tuwo kak.	Gak sedih, Kan ambek mbantu wong tuwo	Ikhlas
1125.	IR	O mbek mbantu wong tuwo iku mau?		
1126.	IE	He'ehm.		
1127.	IR	Dadi gak ikunan yo? Tapi gak terpaksa ngono iku?		
1128.	IE	Enggak.		
1129.	IR	Gak pernah dipekso ngono?		
1130.	IE	Enggak.		
1131.	IR	Pas saman dikongkon ngamen, tau gak sampean srengen?		
1132.	IE	Srengen iku opo kak?		
1133.	IR	Marah. Tau gak marah mbek ibuk e saman? Saman gak gelem ngamen, terus dikongkon ngamen ngonoku?		
1134.	IE	Enggak. Gak marah.		

1135.	IR	Lha terus saman nek dikon ngamen ngonoku terus budal.		
1136.	IE	Iyo kak budal.		
1137.	IR	Nek misalkan mulih cepet ta suwi ngonoku piye?		
1138.	IE	Yo nggak popo kak.		
1139.	IR	Nek misalkan mulih cepet ngonoku gak diseneni ibuk e sampean? Mergakne oleh saithik ngono?		
1140.	IE	Enggak.		
1141.	IR	Pernah to gak diseneni gara-gara ngamen Cuma oleh duwet saithik?		
1142.	IE	Enggak. Sang dulinan iyo kak. Diseneni kak sang dulinan.		
1143.	IR	Maksude?		
1144.	IE	Wedi kenek uwong engkok kak sang dulinan.		
1145.	IR	Piye piye?		
1146.	IE	Dulinan bal-balan ambek andik kadang-kadang sepedaan.		
1147.	IR	Nok endi?		
1148.	IE	Nak sasak. Sepedane andri.		

1149.	IR	O nek sepedaan ngonoku diseneni?		
1150.	IE	Iyo kak. Wedi engko ketubruk gak nde duwek kak. Rumah sakite mbayar. Tapine aku nduwe BPJS.		
1151.	IR	Tapi ikunan yo del, opo jenenge opo lek ngarani. Nek misalkan saman ngamen tok ngunuku berarti gak diseneni?		
1152.	IE	Enggak.		
1153.	IR	Meskipun sampek duwaluu ngono?		
1154.	IE	Enggak. Nek dalu yo diseneni, kak.		
1155.	IR	Sampek jam piro? Lapo kok diseneni?		
1156.	IE	Yo iyo wedi engko nganu kak. Wedi engko melok konco-koncoku.	Wedi engko melok konco-koncoku.	Adanya upaya perlindungan dari keluarga.
1157.	IR	Melok konco-koncune nang ndi?		
1158.	IE	Yo melok nang nggone, dolen-dolenan kak.	Wedi engko melok konco-koncoku.	
1159.	IR	Terus lapo o emang nek melok konco-koncune dolen?		
1160.	IE	Yo wedi engko dianu kak, mbek arek-arek.	Yo wedi engko dianu kak, mbek arek-arek.	
1161.	IR	Diapakno?		
1162.	IE	Dianuni. Disawati.	Dianuni. Disawati.	

1163.	IR	Disawati?		
1164.	IE	Arek-arek iku kadang tukaran kak. Tawur-tawuran ambek arek panggung.	Arek-arek iku kadang tukaran kak. Tawur-tawuran	Mengalami tawuran
1165.	IR	Arek panggung iku arek e arek omahan ta arek ngamen yonan?		
1166.	IE	Arek omahan kak. Nggarai sek tapine arek panggung. Sing panggung kene iki lo kak, cidek e jembatan iku kak. Nakal-nakal kabeh iku.	Nggarai sek tapine arek panggung.	
1167.	IR	O nakal-nakal kabeh? Berarti selama iki sampean gak onok sing mekso ngono ku? Tapi kadang-kadang iku dikongkon? Dikongkon, diajak konco-koncane ngono?		
1168.	IE	Iyo kak.		
1169.	IR	Del, emang lapo o seh Del, nek gak ngamen sedino tok ngono? Nek gak ngamen sedino? Nek prei ngamen?		
1170.	IE	Gak popo, lapo.		
1171.	IR	Lha mbuh bek e saman...		
1172.	IE	Yo gak mangan kak.	gak mangan	Menyadari konsekuensi bila berhenti mengamen.
1173.	IR	O nek prei sedino ngamen gak mangan?		
1174.	IE	Iyo gak mangan.	Iyo gak mangan.	

1175.	IR	Sing gak mangan sopo?		
1176.	IE	Yo kabeh kak.	Yo kabeh kak.	
1177.	IR	Terus nek kabeh gak mangan yo opo perasaan e sampean.		
1178.	IE	Yo yak opo kak. Yo sakno kak.	Yo sakno kak.	Merasa kasihan jika keluarga tidak makan.
1179.	IR	Pernah gak ngonoku saman nangis gara-gara lesu.		
1180.	IE	Enggak.		
1181.	IR	Enggak pernah? Soale lapo kok gak tau?		
1182.	IE	Gak.		
1183.	IR	Berarti selama iki mangan terus? Heemmm?		
1184.	IE	Iya.		
1185.	IR	Terus ngunuku pas sampean ngamen ngunuku, opo jenenge. Mak e sampean, cacak e sampean, bapak e sampean ngunuku piye? Mbak e sampean ngunuku piye? Pas sampean ngamen mergak e ge membantu mereka iku?		
1186.	IE	Gak popo kak.		
1187.	IR	Piye? Wong-wong ngunuku ya opo?		

1188.	IE	Yo yak opo, gak popo.		
1189.	IR	Gak ngewangi ta yo opo?		
1190.	IE	Enggak.		
1191.	IR	Tapi gak pernah ikunan, memuji sampean ngono?		
1192.	IE	Enggak.		
1193.	IR	Kan sampean wes ngamen mosok gak pernah dipuji?		
1194.	IE	Iyo diambungi.	diambungi.	Orang tua menyayangi subyek
1195.	IR	O nek mari ngamen ngunuku diambungi? Diambungi sopo?		
1196.	IE	Emakku kak, ibuk.		
1197.	IR	Lapo kok diambungi?		
1198.	IE	Yooooo sakno kak. Polane kesel aku.	sakno kak. Polane kesel aku.	
1199.	IR	Sing kesel sopo?		
1200.	IE	Aku.		
1201.	IR	Pernah to sampean loro gara-gara kepegelen ngamen?		
1202.	IE	Tau.		

1203.	IR	Tau, kapan?		
1204.	IE	Tapine aku sang loro sediluk kak. Sediluk.		
1205.	IR	Pirang ndino?		
1206.	IE	Sedino uwes.		
1207.	IR	Loro opo ngunu iku?		
1208.	IE	Kadang rong ndino uwes.		
1209.	IR	Loro opo?		
1210.	IE	Panas, terus ngelu kak. Uwes.		
1211.	IR	Nek saman loro ngunuku terus sopo sing nggelak duwek? Nek pasan mak e saman gak oleh cucian, gak leh oncekan brambang ngunuku?		
1212.	IE	Yo gak popo kak.		
1213.	IR	Hem?		
1214.	IE	Gak popo.		
1215.	IR	Terus sing ge tuku maem?		
1216.	IE	Dikek i wong ngisor.		
1217.	IR	O kadang dikek i.		

1218.	IE	Baik uwonge. Mak e fila lo kak.	Baik uwonge.	Menyadari kebaikan orang sekitar.
1219.	IR	O kadang dikek i wonge? Tapi ngunuku biyen cacak e saman gak tau nyeneni sampean pas sampean ngamen?		
1220.	IE	Aaa enggak.		
1221.	IR	Cacak e saman biyen yo ngamen to?		
1222.	IE	Iyo. Yo kabeh kak.		
1223.	IR	Sopo ae?		
1224.	IE	Mbak yuli iku lak tau ngamen. Kabeh tau ngamen.	Kabeh tau ngamen.	Pekerjaan saudara subyek.
1225.	IR	Sopo ae sopo ae dulure samean?		
1226.	IE	Cak pebri sang gak oleh satus anu kak gak oleh mulih dek e.	Cak pebri sang gak oleh satus anu kak gak oleh mulih dek e.	Pekerjaan saudara subyek
1227.	IR	Gak oleh ambek sopo?		
1228.	IE	Yo ambek dekne dewe kak. Soale sakno kak gae gae anu, kan cak pebri kan biyen e anu kak biyen e thelek duwek ngamen.		
1229.	IR	Ket kelas piro?		
1230.	IE	Embuh gak ngerti kak.		

1231.	IR	O cak pebri iku biyen yo ngamen? Pas sepodo sampean ngono? Saiki sek ngamen gak?		
1232.	IE	Enggak.		
1233.	IR	Lapo o saiki wes gak ngamen?		
1234.	IE	Yo gak onok koncone kak.		
1235.	IR	Wes gede iku mergane?		
1236.	IE	He'em.		
1237.	IR	Terus sopo maneh biyen sing ngamen?		
1238.	IE	Yo mbak yuli iku cacak-cacakku ngono.		
1239.	IR	Cacak sopo ae? Agus barang yo yo ta?		
1240.	IE	Iyo mbiyen e. Saiki gak gelem iku kak. Isin jarene.		
1241.	IR	Lapo kok isin?		
1242.	IE	Yo embuh.		
1243.	IR	Lha dela saiki gak isin ngunuku nek ngamen?		
1244.	IE	Enggak kak lapo isin kak, gak nyolong kak.	Enggak kak lapo isin kak, gak nyolong kak.	Tidak merasa malu saat mengamen, yang penting tidak mencuri.

1245.	IR	Yo mbuh saiki kan wes gede to del sampean?		
1246.	IE	Gak popo sakno.		
1247.	IR	Sakno sopo?		
1248.	IE	Sakno ibukku kak.	Sakno ibukku kak.	Merasa kasihan pada ibunya.
1249.	IR	Nek saman gak ngamen? Opo o kok gak pengen kerjo sing liyane del?		
1250.	IE	Isek durung gede kak.		
1251.	IR	Gak gelem? Gak onok sing gelem?		
1252.	IE	Gak onok wong cilik sek an.		
1253.	IR	Bekne pernah nyoba pan nak toko-toko ngunuki, aku oleh gak man kerjo nak kene?		
1254.	IE	Gak oleh kak.gak pernah aku.		
1255.	IR	Hemm? Gak pernah?		
1256.	IE	Gak pernah.		
1257.	IR	Dikongkon korah-korah ngono ku gak tau?		
1258.	IE	Gak tau kak.		

1259.	IR	Terus ngunuku bapak mbek ibuk e sampean? Bapak mbek ibuk e sampean yo opo pas sampean ngamen del?		
1260.	IE	Yo gak popo kak.		
1261.	IR	Pan kate ngamen ngunuku ditangeni gak misalkan sampean turu?		
1262.	IE	Enggak, kak.		
1263.	IR	Gak dikongkon berarti? Gak usah dikongkon? Budal dewe ngunu?		
1264.	IE	Iyo, kak.		
1265.	IR	Lapo? Tumonen?		
1266.	IE	Iyo kak.		
1267.	IR	Mari ngono opo jenenge, biyen pas lagek an ngamen iku kondo gak seh nak bapak ibuk e sampean?		
1268.	IE	Kondo kak. Gak oleh tapine, kak. Gak oleh ambek bapakku ngamen.	Gak oleh ambek bapakku ngamen.	Adanya upaya perlindungan dari keluarga
1269.	IR	Gak oleh terus mari ngono sampean tetep ngamen?		
1270.	IE	Iyo.		
1271.	IR	Tapi gak tau ngunu sampek digepuk i bapak nek ngamen?		
1272.	IE	Gak tau kak sang dolen digepuk i kak.		

1273.	IR	Tapi lek ngamen iku tau to gak disuwenentak i ngono? Biyen lagekan yo gak?		
1274.	IE	Lagek, iyo.		
1275.	IR	Eleng gak ngunuku sampek pirang ndino disentak i ne?		
1276.	IE	Enggak.		
1277.	IR	Saiki ngono iku Del, misalkan sampean mari ngamen bapak e saman piye nak sampean? Bapak e sampean ngunuku ya opo nak sampean?		
1278.	IE	Yo gak popo kak.		
1279.	IR	Mosok muk dimbarno tok? Bapak e saman yo opo? Sampean iki disayang ta dipiye?		
1280.	IE	Disayang.	Disayang.	Merasa disayangi
1281.	IR	Disayang piye seh? Disayang ya opo nek mari ngamen? Disayange iku lo yak opo?		
1282.	IE	Yoo pokok e disayang kak. Disayang. Embuh.	Yoo pokok e disayang kak. Disayang.	Merasa disayangi
1283.	IR	Kok embuh iku lo. Terus iku nek mbak- mbak e sampean sing liyane iku? Cacak-cacak e saman ngunuku pan		

		saman ngamen iku diseneni to gak biyen pas sampean ngamen?		
1284.	IE	Enggak.		
1285.	IR	Lapo kok enggak diseneni?		
1286.	IE	Gak popo kak.		
1287.	IR	Nek saiki ngono iku?		
1288.	IE	Opo?		
1289.	IR	Nek saiki?		
1290.	IE	Enggak.		
1291.	IR	Seneng to gak mereka nek saman ngamen?		
1292.	IE	Enggak.		
1293.	IR	Gak seneng? Lapo o kok gak seneng?		
1294.	IE	Seneng kak tapine anu ..		
1295.	IR	Anu opo o?		
1296.	IE	Gak popo.		
1297.	IR	Ceritakno to! Lapo o kok ikunan kok cacake saman gak seneng?		
1298.	IE	Seneng. Seneng.	Seneng. Seneng.	

1299.	IR	Senenge yo opo seh?		Saudara subyek merasa senang karena dengan mengamen subyek bisa membantu orang tua.
1300.	IE	Yo polane ngamen kak mbantu wong tuwo.	Yo polane ngamen kak mbantu wong tuwo.	
1301.	IR	Lha tapi kan sampean isik cilik del? He del? Dela... tapi kan sampean isik cilik?		
1302.	IE	Hemm. He'em.		
1303.	IR	Ranjene kan sampean kan yo gak popo durung isok membantu? He del? Jane kan gak popo nek durung iso membantu?		
1304.	IE	Gak popo kak.		
1305.	IR	Lapo o saman kok mekso del? Kok mekso membantu?		
1306.	IE	Iyo kak, gae tuku sego kak.		
1307.	IR	Ge tuku sego? Terus ngunuku mene sampean yo tetep ngamen nek wes gede?		
1308.	IE	Enggak. Insyaa Allah enggak. Dungakno ae.	Insyaa Allah enggak. Dungakno ae.	Adanya keinginan memiliki pekerjaan yang lebih baik dari mengamen.
1309.	IR	Insyaa Allah enggak? Terus nek gede mene arepe lapo emang?		
1310.	IE	Kerjo.		

1311.	IR	He? Kerjo? Oh yo Del, mbiyen iku yo opo seh perasaan e sampean kok isok yo wes aku tak ngamen ae daripada sekolah iku perasaan e sampean yo opo?		
1312.	IE	Enggak, gak ngono.		
1313.	IR	Hem?		
1314.	IE	Gak ngono.		
1315.	IR	Lha yo opo? Yo opo yo opo kakak ceritani.		
1316.	IE	Yo polane anu iku kak diilok-ilokno.	Yo polane anu iku kak diilok-ilokno.	Pernah diejek saat sekolah sehingga memutuskan putus sekolah.
1317.	IR	Diilok-ilokno sopo?		
1318.	IE	Koncoku.		
1319.	IR	Diilok-ilokno koncone saman? Koncone nang ndi og?		
1320.	IE	Sekolaan.		
1321.	IR	Yo opo nek ngelokno?		
1322.	IE	Kon iku ngamen ndooh , ngono kak. Uwes.	Kon iku ngamen ndooh	Pernah diejek saat sekolah sehingga memutuskan putus sekolah.
1323.	IR	Mari ngono? Sak liyane iku? Dilokno ngono tok?		

1324.	IE	Iyo.		
1325.	IR	Sampean eleng gak ngunuku sing ngilokno arek piro?		
1326.	IE	Elang. Yo kadang-kadang limo kak.		
1327.	IR	Arek limo lanang ta wedok.		
1328.	IE	Lanang wedok.		
1329.	IR	Onok lanang wedok? Piye seh contone lhek e?		
1330.	IE	Enggak, aku iku sak kelas koncoku iku wolu kak. Sithik.		
1331.	IR	Cuma wolu sak kelas terus mari ngono? Sampean diapakno mbek koncone sampean?		
1332.	IE	Enggak diapak-apakno.		
1333.	IR	Dilokno ngamen iku mau?		
1334.	IE	He'em.		
1335.	IR	Dilokno piye?		
1336.	IE	Kon iku ngamen gak isin e awakmu.		
1337.	IR	Terus sampean jawab piye?		

1338.	IE	Enggak. Tak arakno kak. Tak arakno nang pak guru. Bapak kelas. Kepala. Sekolah.	Tak arakno nang pak guru. Bapak kelas.	Adanya upaya perlindungan dari kepala sekolah
1339.	IR	Terus diapakno?		
1340.	IE	Disetrap, dijiwit.	Disetrap, dijiwit.	Adanya upaya perlindungan dari sekolah.
1341.	IR	Sing arek e iku mau sing ngelokno?		
1342.	IE	Iyo.		
1343.	IR	Terus nek wes disetrap dijiwit, lapo saman kok gak gelem sekolah sek an, del?		
1344.	IE	Yo anu kak, gak popo.		
1345.	IR	Diloknone mbendino to ngonoku?		
1346.	IE	Iyo.		
1347.	IR	Biyen sekolah e sampek dino opo seh?		
1348.	IE	Senin, seloso, rabu, kemis, jum'at, sabtu. Uwes.		
1349.	IR	Wi pas kelas piro diloknoe?		
1350.	IE	Yooo kelas situk kelas loro. Uwes.		
1351.	IR	O kelas siji kelas loro iku dilokno. Terus sampean gak gelem sekolah iku.		

1352.	IE	Enggak.		
1353.	IR	Terus sampean iku pas ngamen iku berarti gara-gara nak sekolaan iku dilokno koncone sampean iku maeng?		
1354.	IE	He'em kak.		
1355.	IR	Terus akhire sampean wes gak sekolah ae aras-arasen sekolah?		
1356.	IE	Iyo, iyo.		
1357.	IR	Gara-gara iku tok aras-arasen sekolah e? Gara-gara dilokno tok iku maeng? Sak liyane iku onok gak alasane sampean maneh lapo sampean kok gak gelem sekolah?		
1358.	IE	Iyo. Onok kak.		
1359.	IR	Opo?		
1360.	IE	Anu kak, aku gak poto badut diwarah poto badut ambek guru.	gak poto badut diwarah poto badut ambek guru.	Merasa takut tidak diterima
1361.	IR	Maksud e?		
1362.	IE	Aku lo gak poto badut, kak.		
1363.	IR	Kok gak?		
1364.	IE	Iyo diwarah poto karo badut. Mbayar kak.		

1365.	IR	Terus?		
1366.	IE	Gak popo.		
1367.	IR	Terus sampean gak mbayar?		
1368.	IE	Mbayar. Gak mbayar yo dianu kak. Gak popo ikhlas.	Gak popo ikhlas.	Merasa takut tidak diterima
1369.	IR	Terus sampean tetep mbayar berarti?		
1370.	IE	Iyo kak.		
1371.	IR	Tapi mari ngono, iso mbayar spp to biyen e?		
1372.	IE	Gak isok.		
1373.	IR	Nopo kok gak isok mbayar SPP? Iku wes ngamen to durung to sampean iku? Pasan iku wes ngamen to durung?		
1374.	IE	Ngamen.		
1375.	IR	Wes ngamen iku? Lha yo to kan nduwe duwet to kenek ge mbayar sekolah to?		
1376.	IE	Duwek e digawe tuku sego ngono kak.	Duwek e digawe tuku sego ngono kak.	Hasil mengamen digunakan memenuhi kebutuhan primer.
1377.	IR	Gak cukup? Oh iyo seh duwek e ge tuku sego. Kok ngguyu seh? Berarti ikunan duwek e ge tuku sego gak isok ge mbayar sekolah.		

1378.	IE	Gak isok.		
1379.	IR	Emang biyen mbayare sekolah piro? Mbayare sekolah piro?		
1380.	IE	Yo wakeh kak.sang dikumpulno telung atus, satus kak		
1381.	IR	Sak ulane? Sak ulane mbayare telung atus, satus?		
1382.	IE	He'em.		
1383.	IR	Terus? Saman iku wes mbayar?		
1384.	IE	Mbayar. Dudu aku sing mbayari. Mbiyene onok sing mbantu kakak-kakak.	Dudu aku sing mbayari. Mbiyene onok sing mbantu kakak-kakak.	Adanya dukungan sosial
1385.	IR	Dibantu piro?		
1386.	IE	Yo mbayar kabeh terus gak gelem maneh.		
1387.	IR	Sing sopo sing gak gelem?		
1388.	IE	Kakak-kakak e.		
1389.	IR	Kakak e gak gelem, ikunan maneh?		
1390.	IE	He'eh.		
1391.	IR	Terus perasaane sampean yo opo pasan milih ngamen iku del?		

1392.	IE	Yo gak popo, kak. Sedih kak.	Sedih kak.	Merasa sedih karena tidak sekolah
1393.	IR	Sedih, lapo seh kok sedih? Coba ceritakno.		
1394.	IE	Yo oponane gak sekolah, kak.	Yo oponane gak sekolah, kak.	
1395.	IR	Terus?		
1396.	IE	Polane gak sekolah gak mewujudkan cita-cita, ngono kak.	Polane gak sekolah gak mewujudkan cita-cita, ngono kak.	Merasa pesimis tidak bisa menggapai cita-cita.
1397.	IR	Emang mewujudkan cita-cita harus karo sekolah to del?		
1398.	IE	Iyo kak.		
1399.	IR	Opo o kok ngono?		
1400.	IE	Iyo lek jarene uwong-wong.		
1401.	IR	Jarene wong-wong iku?		
1402.	IE	Sang gak sekolah gak ngarah nganukno cita-citamu, kon.	gak sekolah gak ngarah nganukno cita-citamu,	Merasa pesimis
1403.	IR	Emang saiki cita-citane pengen dadi opo?		
1404.	IE	Guru.		
1405.	IR	Pengen dadi guru? Terus nek dadi guru iku harus sekolah?		

1406.	IE	He'e, cek e pinter kak.		
1407.	IR	Cek pinter? Guru kabeh iku pinter-pinter to del?		
1408.	IE	He'em.		
1409.	IR	Sampean ngunuku pernah gak menyesal gara-gara mandek sekolah.		
1410.	IE	Menyesal. Polane gak mbahagiakno kedua orang tuaku, keluargaku, kak.	Menyesal. Polane gak mbahagiakno kedua orang tuaku, keluargaku, kak.	Merasa menyesal dan pesimis karena tidak bisa membahagiakan orang tua.
1411.	IR	Lapo o saman kok ngarani ngono, gak iso membahagiakan?		
1412.	IE	Iyo kak.		
1413.	IR	Gak membahagiakane yo opo?		
1414.	IE	Yo gak anu kak, opo iku gak mbahagiakno.	gak mbahagiakno	Merasa tidak membahagiakan orang tua.
1415.	IR	Lha yo gak mbahagiakno yo opo seh?		
1416.	IE	Yo nukokno klambi kak.		
1417.	IR	Ndo emang nek sekolah isok nukokno klambi?		
1418.	IE	Sang wes gede lo kak.		
1419.	IR	O nek sekolah sampek gede ngono to? Terus engko nek wes gede iso nukokno klambi to?		

1420.	IE	Kerjo.	Kerjo.	Ingin bekerja untuk membelikan baju untuk ibunya.
1421.	IR	O kerjo terus?		
1422.	IE	Gawe tuku klambi ge bukku.	Gawe tuku klambi ge bukku.	
1423.	IR	O pengen nukokno klambi ge wong tuwone sampean? Sampean kan isok nukokno maem yo kanggo wong tuone sampean, ngunuku perasaan e sampean yo opo?		
1424.	IE	Yo gak popo kak.		
1425.	IR	Perasaane sampean lo piye?		
1426.	IE	Yo biasa ae.		
1427.	IR	Gak seneng gak piye ngono?		
1428.	IE	Seneng		
1429.	IR	Senenge lapo?		
1430.	IE	Yo nukokno kak.		
1431.	IR	Isok nukokno iku maeng? Senenge soale?		
1432.	IE	Isok mangan.		
1433.	IR	Del saman kan gak selamanya cilik kan? Saman mben kan pasti dadi wong		

		gede kan? Saman mene nek wes gede tetep kate ngamen ta gak?		
1434.	IE	Insyaa Allah enggak kak, dungakno.	Insyaa Allah enggak kak, dungakno.	Adanya keinginan memiliki pekerjaan yang lebih baik
1435.	IR	Dungakno? Emang pengen lapo nek gak ngamen?		
1436.	IE	Yo kerjo kak.	Yo kerjo kak.	
1437.	IR	Kerjo nak endi?		
1438.	IE	Nak ITC (<i>Mall</i>)	Nak ITC (<i>Mall</i>)	
1439.	IR	Pengen kerjo dadi opo?		
1440.	IE	Yo dadi kerjo, tas, sepatu.		
1441.	IR	Lapo o kok pengen kerjo nak tas-tas?		
1442.	IE	Cek e isok tuku anu-anu kak. Tuku klambi. Tuku sego.	Cek e isok tuku anu-anu kak. Tuku klambi. Tuku sego.	Adanya keinginan memiliki pekerjaan yang lebih baik
1443.	IR	Iku tok? Emang nok ITC bayarane piro seh del?		
1444.	IE	Embuh gak ngerti.		
1445.	IR	Kenek ge opo bayarane?		
1446.	IE	Tuku klambi kak, gae tuku sandal, gae tuku sego.	Tuku klambi kak, gae tuku sandal, gae tuku sego.	

1447.	IR	Kok gak pengen tuku omah?		
1448.	IE	Gawe opo omah kak, mati gak digowo kak.	Gawe opo omah kak, mati gak digowo kak.	Memiliki pengetahuan tentang kehidupan akhirat.
1449.	IR	O mati gak digowo? Lha timbangane ngekos hayo? Gak pengen tuku omah?		
1450.	IE	Pengen.		
1451.	IR	Jarene mati gak digowo?		
1452.	IE	Iyo kak. Lak betul kak, mati gak digowo.		
1453.	IR	Iyo. Tapi gak pengen tuku omah berarti? Pengen ta ogak seh?		
1454.	IE	Aku pengen mbangun masjid.	pengen mbangun masjid	Memiliki keinginan membangun masjid supaya barokah.
1455.	IR	Eee pengen mbangun masjid, lapo kok pengen mbangun masjid?		
1456.	IE	Iyo kak. Cek engko barokah kak.	Cek engko barokah kak.	
1457.	IR	Cek barokah. Ngunuku dilangi sopo kok ngerti nek mbangun masjid barokah?		
1458.	IE	Makku.		
1459.	IR	Piye mak e nek ngulangi, piye seh?		
1460.	IE	Del, kon mene-mene yo anu kak teko arek-arek teko makku iku.		
1461.	IR	Iyo. Mak e nek ngandani yo opo?		

1462.	IE	Kon mene-mene sang, aku sik cilik sak ene. Kon mene-mene anu sang opo o del, anu mak aku kepingin mbangun masjid.	aku sik cilik aku kepingin mbangun masjid.	Sejak kecil memiliki keinginan membangun masjid.
1463.	IR	Terus, lha yo sing ngulangi kepengen mbangun masjid iku sopo?		
1464.	IE	Yo makku kak.		
1465.	IR	Mak e lapo jerene kok pengen mbangun masjid jarene?		
1466.	IE	Cek e anu, cek e opo iku kak. cek e isok barokah nek mene-mene nak akhirat.	cek e isok barokah nek mene-mene nak akhirat.	Menyadari adanya kehidupan di akhirat.
1467.	IR	O cek isok barokah mene-mene nek nak akhirat? Sak liyane iku?		
1468.	IE	Wes.		
1469.	IR	Dari hati yang terdalam iku? Hem?		
1470.	IE	Uwes kak. Kepengen ngak i anak yatim.	Kepengen ngak i anak yatim.	Memiliki keinginan memberi/berbagi dengan anak yatim.
1471.	IR	Pengen ngekek i opo?		
1472.	IE	Yo koyok ngak i duwek, ngak i jajan, ngak i sego kak.		
1473.	IR	Lapo o kok pengen ngekek i anak Yatim?		

1474.	IE	Iyo. Cek e mene-mene dusoku diampuni ambek sing ndukur.	Cek e mene-mene dusoku diampuni ambek sing ndukur.	Memiliki kesadaran kehidupan akhirat (<i>secara tidak langsung menyadari kesalahannya</i>).
1475.	IR	O ngono?		
1476.	IE	Ambek, duso-dusone keluargaku.	Ambek, duso-dusone keluargaku.	
1477.	IR	Saman ngunuku kok ngerti og nek memberi, menehi mangan anak yatim iku duso-dusone iso diampuni? Dikandani sopo?		
1478.	IE	Makku.	(<i>memperoleh pengetahuan agama</i>) Makku.	Memperoleh pengetahuan kehidupan akhirat dari ibunya.
1479.	IR	O mak e piye seh nek nyeritakno?		
1480.	IE	Wes kak ah. Wes.		
1481.	IR	Lapo kok uwes? Sek to, kakak takok disik. Mak e yo opo nek nyeritakno?		
1482.	IE	Embuh kak.		
1483.	IR	Piye mak e nek nyeritakno?		
1484.	IE	Wes kak .		
1485.	IR	Sek ceritani disik no kakak. Ceritani sek to. Terus sak liyane iku del? Dela, sak liyane iku saman kan maeng jarene mben iku nek wes gede pengen kerjo nak ITC, Pengen nak tas-tas jam-jam		

		ngono kuwi. Emang ngunuku sampean ngerti to carane kerjo yo opo?		
1486.	IE	Ngerti, kak.		
1487.	IR	Yo opo seh?		
1488.	IE	Ayo ayo, mari mari tasnya, kacamatanya, jamnya.		
1489.	IR	O ngono. Tau roh emang?		
1490.	IE	Nok JMP iku lo kak.		
1491.	IR	Tau mlaku-mlaku tok njerone JMP? Gak diseneni ngunu ku nek saman mlaku-mlaku nak JMP?		
1492.	IE	Gak.		
1493.	IR	Gak seneni wong?		
1494.	IE	Kadang-kadang ambek anu adik e makku.		
1495.	IR	Adik e mak e saman sopo?		
1496.	IE	Onok nak ndeso. Pengen ruh JMP.		
1497.	IR	O pengen ruh JMP. Terus nek onok dulure saman sing nginep nak, pan pengen dolan nak JMP kan nginep nak suroboyo. Ngunuku diinepno nak endi?		

WAWANCARA KE III

Pelaksanaan wawancara : Jum'at, 17 Agustus 2018
Pukul : 20:38-20:57 WIB dan 21:03-21:33 WIB
Lokasi : Emperan toko Jl. Sasak (Lokasi Subyek Mengamen) dan di depan gang V (Jl Gili-Surabaya)

NO	IE/IR	Verbatim	Kata Kunci	Tema
1499.	IR	Entuk piro ngonok?		
1500.	IE	Entuk tiga puluh.		
1501.	IR	Piro?		
1502.	IE	Telung puluh.		
1503.	IR	Ngonoku maeng ket jam piro?		
1504.	IE	Ket jam piro maeng yo kak, setengah enem.		
1505.	IR	Setengah enem?		
1506.	IE	Jam eneman.		
1507.	IR	O jam enem. Awas del onok montor del.		
1508.	IE	Gak onok cak Pebriku, kak.		
1509.	IR	Nondi?		

1510.	IE	Nang nggone Mbatam.		
1511.	IR	Wes budal yo? Sing dek ingi iko to? Mari nangisi cak pebri to sampean?		
1512.	IE	Iyo.		
1513.	IR	Mangkane kok srat srot. Lapo kok nangisi cak pebri?		
1514.	IE	Kangen kak.		
1515.	IR	Yaa Allah kangen iku ya opo seh? Wes pirang ndino yo, Del? Lagek dek wingi kan yo?		
1516.	IE	Wes entuk rong ndino. Wes tutuk jakarta kajenge numpak kapal maneh.		
1517.	IR	Kok nduwe sangu.		
1518.	IE	Dibayari bos e kak.		
1519.	IR	Terus nak kono kerjo opo?		
1520.	IE	Kerjo mberseni kapal. Sak ulan. Timbange nak kene kak turu tok. Gak ambek kerjo tapine, cak Pebri. Sak ulan rong juta setengah. Aku njaluk rongatus.	Kerjo mberseni kapal. Sak ulan. Timbange nak kene kak turu tok.	Pekerjaan saudara.
1521.	IR	Wong durung kerjo wes dijaluki.		
1522.	IE	Yo mene-mene kak.		

1523.	IR	Wonge Cuma sak ulan tok nak kono ta seteruse?		
1524.	IE	Iyo, sak ulan tok.		
1525.	IR	Kok Cuma sak diluk to, del?		
1526.	IE	Iyo. Engko sang onok maneh budal maneh kak.		
1527.	IR	Kok gak palang nak kono ae to Del? Ambek ngenteni kerjo liyane?		
1528.	IE	Aku mau keblowok egot kak. Loro keneku (<i>sambil memegangi lututnya</i>). Nak kono.		
1529.	IR	Tak kiro iku mau dudu sampean del. Oleh piro iki mau del?		
1530.	IE	Telung puluh.		
1531.	IR	Terus ngene ki engko sampean kekno sopo?		
1532.	IE	Ibuk, kak. Mari ngene aku mulih selamatane mbahku. Kurang petang ndino ambek mene. Yo ambek mene kurang limang ndino.		
1533.	IR	Mulih nak endi?		
1534.	IE	Nak ndeso. (<i>Kediri</i>).		
1535.	IR	Terus mbalik rene neh kapan?		
1536.	IE	Embuh sek suwe kak. Rewang kak kan selamatane mbahku kak ambek mbah		

		lanang. Makku suwe gak mulih kak. Mbarekan gak anu gak ngirim nang embah.		
1537.	IR	Apane?		
1538.	IE	Yo ngirim anu kak, bunga wi lo kak. Ngirim nak nggone makam.		
1539.	IR	Terus mene pirang ndino nang kono?		
1540.	IE	Gak ngerti aku. Tapine aku sang nak kono adem kak isuk isuk. Sang nak kene sitik ra sampek. Sang nak kono sampek ngene-ngene kak (<i>sambil mempraktekkan badan menggigil</i>). Soale kan cidek e gunung.		
1541.	IR	Gunung opo? Kelud iku paling?		
1542.	IE	Iyo. Kono yo aku kan ngeterno adikku les nok kono onok bonek.		
1543.	IR	Ngeterno les nak endi del?		
1544.	IE	Yo cidek nak kono.		
1545.	IR	Kok gak pengen melok sekolah nak kono og del?		
1546.	IE	Iyo kak asline aku apene disekolahno nak kono ambek anu ambek cacakku. Emak iku asline dikongkon nak kono gak gelem emak.	asline aku apene disekolahno nak kono ambek anu ambek cacakku.	Adanya dukungan sosial untuk melanjutkan sekolah.
1547.	IR	Lapo kok gak gelem og?		

1548.	IE	Embuh gak ngerti aku. Yo mbiyen e iku yo kak yo sing ngramut emakku iku wong kristen kak mbiyene. Kuburane nak kono. Mati. Wes gak onok. Nak kono kuburane.		
1549.	IR	Dirawat yo opo del?		
1550.	IE	Yo di anu kak. Tapi, wong kristen e yo biasa koyok gak anu gak sugeh kak. Yo koyok aku kak. Dodolan sego pecel biasane laris nak jembatan. Saiki gak onok kak digowo mulih nak ndeso mati.		
1551.	IR	Wong endi?		
1552.	IE	Emboh aku gak ngerti sek cilik aku, kak.		
1553.	IR	Iki mau iku entuk telung puluh del? Ngono iku akeh gak telung puluh iku?		
1554.	IE	Alhamdulillah kak.		
1555.	IR	Sepi ta rame ngene iki?		
1556.	IE	Yo disyukuri, kak. Nek gak ngono gak dikak i rejeki.	Yo disyukuri, kak. Nek gak ngono gak dikak i rejeki.	Bersyukur
1557.	IR	Ngono ku jare sopo seh?		
1558.	IE	Yo jare ibukku kak.		
1559.	IR	Yo opo ibukmu nek ngajari bersyukur og?		

1560.	IE	Iyo. Kak nok omahku ae kak yo. Nak kono kak.		
1561.	IR	Nak pinggire gang yo? Tapi gak ditutup?		
1562.	IE	Tutup. Nak njobone aku turu njobo kak. Njobo nggone dingklik kak. Warung-warung wi lo.		
1563.	IR	Lha gak kademen del turu nak kono.		
1564.	IE	Enggak wes kaet cilik aku turu nak jembatan. Seneng kak.	Enggak wes kaet cilik aku turu nak jembatan. Seneng kak.	Merasa lebih nyaman tinggal di jembatan daripada di kos.
1565.	IR	Gak cokoti nyamuk?		
1566.	IE	Uwes kak wes kulino. Enak nok jembatan kak timbang nok kos.	Enak nok jembatan kak timbang nok kos.	
1567.	IR	Lapo kok enak nak jembatan?		
1568.	IE	Enak kak renang.	renang.	
1569.	IR	Lha kan nek ngekos kan ikunan, nek ngekos kan gak kudanan gak panasen.		
1570.	IE	Nak jembatan onok terpal kak, malah enak udan-udan nak kono.	Nak jembatan onok terpal kak, malah enak udan-udan nak kono.	
1571.	IR	Lapo kok enak?		
1572.	IE	Enak kak.		

1573.	IR	Sek ta kakak takon deh del, ngono iku bersyukur iku jare sopo? Yo opo seh bersyukur iku		
1574.	IE	Yo jarene mbahku jarene makku kak.	jarene mbahku jarene makku kak.	Belajar bersyukur dari nenek dan ibu subyek.
1575.	IR	Piye to bersyukur iku del?		
1576.	IE	Yo sang dikak i duwek uwong mangatus ojo ngamuk teko disyukuri ngono kak.	sang dikak i duwek uwong mangatus ojo ngamuk teko disyukuri	Memahami makna bersyukur.
1577.	IR	Tau ngerti to ngono ku? Tau ngerti pas nyawang sopo?		
1578.	IE	Tau, kak.		
1579.	IR	Iki mau pas ket ngamen wes tau ta gak?		
1580.	IE	Durung. Cuma ngamal tok.	Cuma ngamal tok.	Beramal mengisi kotak amal.
1581.	IR	Ngamal nok endi?		
1582.	IE	Nak apotek-apotek iku kak onok kotak amal.	Nak apotek-apotek iku kak onok kotak amal.	
1583.	IR	Del sampean pas nolong wong nyeberang iko nak endi?		
1584.	IE	Nak kene kak. Onok embah.		
1585.	IR	Lapo kok saman tulungi nyeberang og?		
1586.	IE	Iyo iyo rek, sakno.		

1587.	IR	Sakno lapo sakno?		
1588.	IE	Yo sakno wedi ketubruk montor.		
1589.	IR	Emang opo o nek ketubruk montor?		
1590.	IE	Sakno kak koyok embahku dewe.	Sakno kak koyok embahku dewe.	Merasa kasihan pada orang tua karena merasa seperti neneknya.
1591.	IR	Ngono iku tau ngerti tekan endi og nek onok wong tuwek gak isok nyabrang terus sampean sebrangno?		
1592.	IE	Yo ngene makku dikongkon nyabrangno. Sang onok uwong del sang njaluk tolong dikek i duwek ojo gelem, kekno ae.	Sang onok uwong del sang njaluk tolong dikek i duwek ojo gelem, kekno ae.	Ibu subyek mengajarkan jika menolong orang jangan mau diberi imbalan.
1593.	IR	Ngono iku nek ngamen nyanyi ta del?		
1594.	IE	Iyo nyanyi kak. Iku lo kak sakno kak (<i>sambil menunjuk ke nenek-nenek pengemis yang pernah ditolong menyeberang</i>) ambek Lipa disawati. Duso ngono iku.	Iku lo kak sakno kak Duso ngono iku.	Merasa kasihan jika melihat nenek-nenek. Memahami dosa.
1595.	IR	Kok ngerti nek ngunu iku duso ngerti tekan endi?		
1596.	IE	ngerti teko abah teko emakku.	ngerti teko abah teko emakku.	Memahami konsep dosa dari abah (<i>guru mengaji</i>) dan dari ibunya.
1597.	IR	Piye nek ngandani seh?		

1598.	IE	Yo konok ngelokan duso kak. Aku kepingin mulih nak ndeso. Enak kak nak kono. Nontok udarane.	Yo konok ngelokan duso kak.	Memahami konsep dosa.
1599.	IR	O udarane sejuk?		
1600.	IE	Yo ambek nak embahku kak. Mbiyen kak kan makku nak kono aku iku thelek duwek nak suroboyo ambek bapakku. Aku wong loroan. Terus ambek makku kongkon gelek duwek nak kene terus sang oleh duwek digowo mrono kak. Gak nyekel duwek kak nak kono.		
1601.	IR	Lapo kok nak kono gak nyekel duwek?		
1602.	IE	Wong gak nduwe panen gak nduwe nganu kak. Kan iku kampung kak.		
1603.	IR	Gak nde saawah ta make nak kono?		
1604.	IE	Iyo cuman nduwe omah tok.		
1605.	IR	Omah e sopo?		
1606.	IE	Omah e tinggalane mbahku. Kajenge dirubuhno diapikno maneh.		
1607.	IR	Sing ngapikno sopo?		
1608.	IE	Yo urunan kak. Makku, cacakku. Cak Santo gawe mene-mene sang nak kono yo opo kak. Enak nak kono kak. Kak		

		sampean ngerti kreco sing koyok keong iku? Mnagan iku enak kak karo kelopo.		
1609.	IR	O besusul?		
1610.	IE	Enak iku kak.		
1611.	IR	Iku lo maya del.		
1612.	IE	Masio maya iku kak, langka kak. Asline sang anak yatim gak oleh ngono kak.	maya iku kak, langka kak. Asline sang anak yatim gak oleh ngono kak.	Memahami adanya dosa.
1613.	IR	Langka iku opo seh?		
1614.	IE	Langka iku nyawati mbah maeng iku lo kak.		
1615.	IR	Iku ngono iku maya ngono iku sampek jam piro?		
1616.	IE	Jam songo, setengah sepuluh. Ayok kak mrono kak cek e gak bengi-bengi saman.		
1617.	IR	Gak popo kakak lo oleh selangan motor.		
1618.	IE	Masiono oleh selangan motor sakno saman kak.	Masiono oleh selangan motor sakno saman kak.	Mudah merasa kasihan pada orang.
1619.	IR	Sakno iku opo seh? Lapo kok atek sakno? Aku iku gak ngerti sakno iku opo?		
1620.	IE	Sakno iku yo sakno kak , adoh omahe.	Sakno iku yo sakno kak	
1621.	IR	Ngerti nek omahe kakak adoh? Oh iyo seh tau nginep nak kono yo.		

1622.	IE	Iyo. Kak klambi sing digawe pentas apik yo kak yo? Ilang saiki kak. Paling nak aku sak ene kak (<i>sambil menunjuk lututnya</i>).		
1623.	IR	Jupuk Satpol?		
1624.	IE	Iyo ilang. Sabuk e ilang. Kudunge ilang. Apik iku kak. Enggak temen apik kok kak. Anu kudunge ireng yo?		
1625.	IR	Nak endi sak iki?		
1626.	IE	Yo ilang aku cilik sak ipan yo kak yo. Enak pentas yo.		
1627.	IR	Gak pengen pentas maneh?		
1628.	IE	Pengen.		
1629.	IR	Lapo kok pengen?		
1630.	IE	Pentas nyanyi bidadari di dada.		
1631.	IR	Yo opo biyen perasaan e pas pentas?		
1632.	IE	Yo enak kak.		
1633.	IR	Enak iku enak opo? Opo sing nggarai enak?		
1634.	IE	Yo wong-wong iku isok bangga . Makku kak. Mbiyen e iku sek durung mbahku gak onok iku kak. Aku dikongkon thelek duwek ambek bapakku nak kene, makku	wong-wong iku isok bangga. Aku dikongkon thelek duwek ambek bapakku nak kene, makku nak omah.	Merasa senang bisa membuat orang lain bangga padanya.

		nak omah. Aku sing thelek duwek. Mari terus mulih nak ndeso aku tak kekno duwek e. Terus ngomong ngene mbahku, del ojo nakal-nakal nok kono. Iyo mbah. Ambek nangis aku kak.		
1635.	IR	Sopo?		
1636.	IE	Aku.		
1637.	IR	Lapo kok nangis?		
1638.	IE	Yo iyo kak, sakno gak isok melaku. Biyen e yo kak yo, mak teko langsung lungguh-lungguh sikile sembung ngene kak, mbahku. Gendut kak, sampean sak ono tok. Selete ambek ngene. Lucu kak.	Yo iyo kak, sakno gak isok melaku.	Merasa kasihan karena neneknya tidak bisa berjalan.
1639.	IR	Lapo biyen kok sakno ambek mbah e?		
1640.	IE	Yo sakno kak.		
1641.	IR	Nek sakno ambek mbah e lapo gak mulih nak kono ae?		
1642.	IE	Tibo Keporeset kenene. Loro.		
1643.	IR	Duwite ngono iku terus gawe opo nek oleh?		
1644.	IE	Gae sangu mulih kak.	Gae sangu mulih kak.	Uang dipergunakan untuk pulang kampung dan sebagian ditabung.
1645.	IR	Jare ge tuku mangan dek inginane?		

1646.	IE	Iyo ambek disingitno kak.	Iyo ambek disingitno kak.	
1647.	IR	Ngono iku sing gawe tuku mangan piro seh del?		
1648.	IE	Mau makku gak mangan, mangan ping situk mie tok.		
1649.	IR	Terus sampean?		
1650.	IE	Sakno kak. Aku pengen nyelengi sang makku gak nduwe duwek tak jupuk.	Aku pengen nyelengi sang makku gak nduwe duwek tak jupuk.	Hidup hemat
1651.	IR	Nhee tapi kan mari golek duwek kan dikekno mak e kabeh. Yo opo kate nyelengi.		
1652.	IE	Isok kak, limang ewu disinggahno. Mbiyen e kan aku dikekno uwong sepuluh, telung puluh, mang ewu tak dekek, saman ngerti kak adahane rokok iku lo nok umplung tak jebol tak plester tak ngenekno terus Gak nyekel duwek emakku yo wes tak jipik.	adahane rokok iku lo nok umplung tak jebol tak plester tak ngenekno terus Gak nyekel duwek emakku yo wes tak jipik.	Hidup hemat
1653.	IR	Entuk piro?		
1654.	IE	Telung puluh limo.		
1655.	IR	Ngono iku tau gak mangan e sehari?		
1656.	IE	Gak. Tapi sang aku nak ndeso mangan e ping telu kak. Enak kak.		

1657.	IR	Nduk kene mangan e gak enak ta? Lapo o kok gak enak?		
1658.	IE	Pindang dikak i kecap. Uwenak. Cacakku sing nak ndeso senengan e podo koyok aku. Tahu tempe dikecapi ngono tok.		
1659.	IR	Enak noo...		
1660.	IE	<i>(menunjuk ke arah ibu-ibu di jalan raya)</i> anak e di dol iku kak, bojone kenek narkoba. Gak onok bojone nok penjara. Terus dekne kawin maneh anak e dikekno uwong.		
1661.	IR	Sak piro?		
1662.	IE	Sak Rian <i>(teman subyek)</i> . Tapine anak e nakal kak. Enak kak nak kono kak. Nak omah. Nak kono ae kak.		
1663.	IR	Lapo emang? Kok gak melok lomba tujuh belasan del?		
1664.	IE	Endi gak onok?		
1665.	IR	Nok kono nak seberang mua onok.		
1666.	IE	O iyo iyo onok.		
1667.	IR	Kok gak melu?		
1668.	IE	Gak. Mau lomba bal-balan nggawe daster sing lanang. Lucu-lucu kak.		

1669.	IR	Nek nak nggonku ruwame del lomba bal-balan nggo daster ngono iku.		
1670.	IE	Nek nak omahku reog kak tujuhbelasan. Cacakku isok. Tapikne cacakku sang kesurupan mangane beling kak.		
1671.	IR	Del, ngono iku yo opo seh del perasaan e sampean nek onok mbah-mbah sing ngono iku mau?		
1672.	IE	Dinahi duwek kak.		
1673.	IR	Lha mau kok gak diwenehi?		
1674.	IE	Wong wes oleh saman kek i kak.		
1675.	IR	Biasane perasaan eyo opo nek onok mbah-mbah sing koyok mau?		
1676.	IE	Sakno kak. Yo sakno. Eleng mbahku. Kak ayok rono kak.		
1677.	IR	Sampean nek turu nak endi?		
1678.	IE	Nak kene (<i>sambil menunjuk amben kecil terbuat dari bambu terletak di depan kios-kios yang tutup</i>). Kadang jam telu jam papat pindah kak.		
1679.	IR	Lapo e del kok gak turu nak njero kos-kosan ae?		
1680.	IE	Yo gak popo kak. Enakan nak kene kak. Enak ambek nontok uwong.		

1681.	IR	Nek pas gak onok wong yo opo? Lhe del berarti sampean nek turu yo nak kono? Wong tiga? Iku mau sopo sitok e, bapakmu ta?		
1682.	IE	Iyo.		
1683.	IR	Kok koyo man e. Man sing mbecak dek ingi iko lo.		
1684.	IE	Iyo.		
1685.	IR	Man e ta bapakmu?		
1686.	IE	Bapakku.		
1687.	IR	O bapakmu sing pak Sodong? Sing njupuk i sampah nak kene iku to biasane?		
1688.	IE	Iyo.		
1689.	IR	Iki kok resik del? (<i>sambil menunjuk tempat sampah</i>).		
1690.	IE	Iyo kak diseneni ambek satpol PP dikongkon ngeringkesi.		
1691.	IR	Kapan nek nyeneni?		
1692.	IE	Tepak wingi.		
1693.	IR	Del lapo kok gak turu njero ae og? Gak angetan turu nak njero ta?		

1694.	IE	Gak seneng kak. Yo enak tur kene kak. Engko pindah kak aku. Pindah nak ndukur.		
1695.	IR	Terus sing nak ndukur dituroni sopo?		
1696.	IE	Yo kadang-kadang cak pebri kak. Gak onok.		
1697.	IR	Ojok sedih ngono ta lah kok. Kok kudu nangis iku lo wong cak pebri kerjo kok ditangisi.		
1698.	IE	Saiki agus turu nak ndukur ambek dika.		
1699.	IR	Lapo e del kok seneng turu nak pinggir dalam ngene iki gak yo ame to, gak yo brebeken?		
1700.	IE	Emoh kak.		
1701.	IR	Mak e saman barang kok gak turu nak njero to del?		
1702.	IE	Nak ndesoku iku luas kak omahne mbahku kak. Dapure guwede. Tapine yo ngono.		
1703.	IR	Tapine iku omah e mbah e yo gak omah e saman?		
1704.	IE	Gak.		
1705.	IR	Lha lak percuma no del mbayar kos-kosan gak tau dituroni.		
1706.	IE	Yo dituroni iku kak, agus iku ambek dika.		

1707.	IR	Mak e mbek pak e turu nak kene ngono?		
1708.	IE	<p>Sajane agus iku nduwe cacak ajane. Tapine gak ono, gara-gara tak omongi makku pas cacakku ajenge mati. Makku munggah mudun munggah mudun gak onok lift e nak Karang Menjangan. Sek sak intan kak, adik e Maya iku lo. Sek bayi. Munggah mudun munggah mudun nem ulan uwes logor. Adik e mbak Dinda, Mas e Cinta gak onok kak sisan. Anu iku lo kak gede kan kak iku digowo sepeda motoran.</p> <p>Kak, tak kandani yo kak arek iki yo kak abahne ambek ummik e sholat (<i>sambil menunjuk ke arah anak laki-laki di depan sampah-sampah</i>), iki iku wes klebonan pil ambek sabu iku kak dadi gendeng. Anu kak onok pacare dijak turu nak kono saiki mutah-mutah tok kak, meteng paling.</p>	<p>Kak, tak kandani yo kak arek iki yo kak abahne ambek ummik e sholat (<i>sambil menunjuk ke arah anak laki-laki di depan sampah-sampah</i>), iki iku wes klebonan pil ambek sabu iku kak dadi gendeng. Anu kak onok pacare dijak turu nak kono saiki mutah-mutah tok kak, meteng paling.</p>	Adanya pemahaman terhadap norma yang berlaku di masyarakat.
1709.	IR	Kok ngerti nek wong mutah-mutah iku meteng?		
1710.	IE	Ngerti. Dikongkon mbak iku tuku tespek. Emoh. Enggak gak meteng. Aku gak ngurusi arek.		
1711.	IR	Lapo kok gak ngurusi arek?		

1712.	IE	Yo ngurusi awak e dewe kak.		
1713.	IR	Emang opo o awak e dewe kok diurusi?		
1714.	IE	Yo nggak popo wedi engko koyok ngono.	Yo nggak popo wedi engko koyok ngono.	Adanya pemahaman terhadap norma yang berlaku di masyarakat.
1715.	IR	Engko nang gelem engko, engo nek wes gede nang gelem dijak turu arek?		
1716.	IE	Enggak kak. Langsung mati. Digepuki kak mbek cacakku.		
1717.	IR	Agus kok gak melok cak pebri sisan del?		
1718.	IE	Oo sek cilik kak.		
1719.	IR	Gak oleh?		
1720.	IE	Gak oleh. Agus iku pelit kak. Gak tau ngekek i emak. Biyen e iku yo kak Agus iku yo aku sing oleh akeh. Aku oleh suwidak dek e iku oleh telung puluh kak. Main nakal iku kak. Ayo Del gabungno Del. Cilik e aku iku sek sak ipan. Ayo del gabungno. Iyo kon enak aku seneni emak. Awakmu enak gabungno gabungno tak ngonokno kak nak becak. Tukaran tok aku pas mbiyen mbek agus.		
1721.	IR	Lapo kok tukaran tok? Gak pengen del melok lomba del?		
1722.	IE	Gak.		

1723.	IR	Lapo kok gak pengen?		
1724.	IE	Nak bunda ae.		
1725.	IR	Genyo? Iku kan ambek arek akeh del?		
1726.	IE	<i>(Subyek menggeleng-gelengkan kepalanya)</i>		
1727.	IR	Gak pengen to nduwe konco koyo mereka to?		
1728.	IE	Gak kak.		
1729.	IR	Genyo kok gak pengen? Ngeneki mau mak e saman kerjo opo sedino iki mau?		
1730.	IE	Kadang-kadang ngoncek bawang.		
1731.	IR	Iki mau. Mau awan?		
1732.	IE	Enggak. Milihi kerupuk. Diresik i engko dikekno mbak yuli kak. Engko dituku ambek mbak yuli.		
1733.	IR	Lha oleh teko ndi krupuk e?		
1734.	IE	Oleh teko bapak iku kak. Kan onok langganan e iku.		
1735.	IR	Dituku piro ambek mbak yuli, Del?		
1736.	IE	Mangewu, sepuluh ewu. Aku mau jam, jam loro sampek jam setengah enem sek durung mangan aku mau kak.		

1737.	IR	Lha lapo?		
1738.	IE	Yo gak nyekel duwek, kak. Iki ae kate mbuka celengan.	Iki ae kate mbuka celengan.	Memiliki kesadaran untuk menabung.
1739.	IR	Esok maeng yo gak mangan?		
1740.	IE	Mangan mie sithik tapine. Podo ae gak mangan.		
1741.	IR	Iyo ra koyo mangan sego to?		
1742.	IE	Nek nak ndeso njipik, ayo njipek ayo njipek. Enak kak.		
1743.	IR	Nek nak ndeso ngonokui sopo sing masakno?		
1744.	IE	Kadang-kadang emak, adik e emak.		
1745.	IR	Ngonokui ngerti to del keluargane sampean nak ndeso nek sampean nak kene ngamen?		
1746.	IE	Ngerti kabeh kak.		
1747.	IR	Gak tau diseneni?		
1748.	IE	Gak. Ngesakno kak. Yo sakno nonton gak nyekel duwek. Akeh kak sing ngapek aku. Umi pasar kajenge ngepek aku, onok wong sugih kajenge ngepek aku, onok wong ndeso kajenge ngepek aku.	Yo sakno nonton gak nyekel duwek.	Orang sekitarnya merasa kasihan melihat subyek tidak memiliki uang.
1749.	IR	Lapo sampean kok gak gelem?		

1750.	IE	Gak gelem kak. Kadung.		
1751.	IR	Kan nek dipek saman kan isok sekolah Del?		
1752.	IE	Yo isok sekolah engko lali nak wong tuwo.		
1753.	IR	Mosok nek isok sekolah terus lali nak wong tuwo?		
1754.	IE	Yo lali kak.		
1755.	IR	Sopo sing ngandani koyok ngono?		
1756.	IE	Lia iku kajenge nak Malaysia dijak anu, dijak bojone. Tunangane. Marine rabi.		
1757.	IR	Kapan rabine?		
1758.	IE	Mari ngene rioyo embek. Cacakku kak nduwe embek cilik-cilik terus manak saiki dadi guwedi. Enak kak.		
1759.	IR	Cacak sopo?		
1760.	IE	Cak juri.		
1761.	IR	Lapo seh gak mulih nak ndeso ae del?		
1762.	IE	Gak nduwe duwek kak. Aku sang wes gede makku tak jak nak ndeso aku kerjo nak kene sang oleh duwek tak gowo nak ndeso. Nek makku sang wes tuwek tak dekek nak ndeso. Aku sang wes	Aku sang wes gede makku tak jak nak ndeso aku kerjo nak kene sang oleh duwek tak gowo nak ndeso.	Adanya keinginan menyejahterakan ekonomi keluarga. Pandangan masa depan.

		gede sak mbak Leha wi lo kak aku kerjo, makku tak kon mulih nak ndeso. Terus aku ngekos nak kene.	Aku sang wes gede sak mbak Leha wi lo kak aku kerjo, makku tak kon mulih nak ndeso. Terus aku ngekos nak kene.	
1763.	IR	Pak e saman?		
1764.	IE	Yo mulih kak nak ndeso.		
1765.	IR	Saman kongkon mulih nak ndeso?		
1766.	IE	Iyo, bapakku mulih nak ndeso.		
1767.	IR	Diulangi sopo seh Del ngono iku kok isok sampek mikir tekan kono?		
1768.	IE	Emak. Mene-mene sang wes gede Del, awakmu nak kene ae thelek kerjan. Sang nak kono gak ngarah nemu kerjoan. Yo uwes kak.	Mene-mene sang wes gede Del, awakmu nak kene ae thelek kerjan. Sang nak kono gak ngarah nemu kerjoan.	Pandangan masa depan
1769.	IR	Mak e berarti sing ngomong ngono? Del biasane tau nolong uwong opo ae seh del?		
1770.	IE	Nyeberang, nolong nimbakno, ngamek banyu.	Nyeberang, nolong nimbakno, ngamek banyu.	Membantu rang lain
1771.	IR	Opo o sampean kok ikunan, kok nolongi uwong?		
1772.	IE	Gak popo kak.		
1773.	IR	Kan nek nolong uwong pegel?		

1774.	IE	Gak popo, enak. Sak ulan iku suwe kak?		
1775.	IR	Kate lapo emang? Kate mulih nak ndeso sak ulan ta?		
1776.	IE	Suwe ta kak?		
1777.	IR	Suwe.		
1778.	IE	Cacakku. Berarti gak melu mulih nak ndeso.		
1779.	IR	Kok angen-angen cacakmu terus to? Nde nangis kok, ojo nangis kok.		
1780.	IE	<i>(Mata subyek berkaca-kaca. Sambil tersenyum-senyum).</i>		
1781.	IR	Lapo kok nangisi cacak e? Cacak e iku nak kono kerjo. Golek duwek ben entuk duwek akeh. Ben isok ngekek i duwek sampean? Ndeh kok nangis temen? Isok nangis dela. Biasane nek bubuk jam piro?		
1782.	IE	Jam sepuluh jam songo		
1783.	IR	Wingi cacak e disangoni mak e to?		
1784.	IE	Iyo kak.		
1785.	IR	Mak e kok nduwe duwek gawe nyangoni cacak e?		
1786.	IE	Iyo kak. Utang kak.		

1787.	IR	Utang sopo?		
1788.	IE	Utang uwong.		
1789.	IR	Lha nek nyaur utang ngono iku yo opo del? He del.		
1790.	IE	Yo dicicil kak. Telung puluh sepuluh.		
1791.	IR	Lha duwete ko ndi ge nyicil utang?		
1792.	IE	Rioyo embek iku kurang piro kak?		
1793.	IR	Kurang piro yooo? Kurang empat hari.		
1794.	IE	Rabu ta? Ambek mene kurang limo.		
1795.	IR	Arep mulih ta? Opo o emnag?		
1796.	IE	Mulih kak.		
1797.	IR	Del, menurute sampean yo Del hidup e sampean iku yo opo seh del?		
1798.	IE	Yo gak popo.		
1799.	IR	Yo opo seh saman kok isok bersyukur ngono ki ku yo opo? Carane piye?		
1800.	IE	Nontok nak Tipi nontok makku. Mbangan nak tipi yo opo aku miskin kan nok tipi iku lo kak. Ngonok kak. Yo aku melok i gak oleh gak syukur. Disyukuri ajane.	Nontok nak Tipi nontok makku. Mbangan nak tipi yo opo aku miskin kan nok tipi iku lo kak. Ngonok kak. Yo aku	Memahami rasa syukur dari menonton televisi dan dari ibu subyek.

			melok i gak oleh gak syukur. Disyukuri ajane.	
1801.	IR	Nek misalkan gak bersyukur opo o seh del?		
1802.	IE	Yo gak oleh kak. Allah gak nyayangi kak.	Yo gak oleh kak. Allah gak nyayangi kak.	Pemahaman akan rasa syukur.
1803.	IR	Jarene sopo ngono iku?		
1804.	IE	Jarene makku kak.	Jarene makku kak.	Memperoleh pengetahuan dari ibu subyek.
1805.	IR	Mak e sampean kok yo ngerti ngono iku teko ndi?		
1806.	IE	Yo ngerti kak. Teko mbahku. Cacakku nduwe facebook kak. Juri vano ta sopo nono jenenge.		
1807.	IR	Sampean ngono iku tau facebookan to del?		
1808.	IE	Enggak. Lia iku. Sampean kepengen ngerti tunangan lia? Onok kak facebook e. Yo topik ta sopo ngono jenenge. Kak ojo diomongno Maya yo kak sang aku dikek i sepuluh ewu ambek sampean.		
1809.	IR	Opo o emang?		
1810.	IE	Iyo Maya ngandakan iku. Mak Inem dela lo nduwe duwek sepuluh. Dijaluk kak ambek mak e.		
1811.	IR	Yo opo nek njaluk?		

1812.	IE	Endi del engko ilang. Mari ngono silih. Sampean gak kepingin mulih nak ndeso to kak?		
1813.	IR	Yo kepingin. Mangkane dungakne ikune Kakak skripsine mari. Sing hasile wawancara kakak karo sampean.		
1814.	IE	Maya iku njaluk panganan.		
1815.	IR	Lha sampean iku njaluk opo emang?		
1816.	IE	Njaluk kudung.		
1817.	IR	Lapo kok gak njaluk panganan jarene lesu? Kok gak pengen njaluk panganan ae?		
1818.	IE	Enggak. Enakan kudung isok gawe kudungan. Aku sang nak ndeso kudungan ae sang metu.		
1819.	IR	Lapo lek metu kok kudungan terus?		
1820.	IE	Iyo kak. Enak.		
1821.	IR	Sopo sing ngongkon kudungan?		
1822.	IE	Yo aku dewe kak.		
1823.	IR	Kok ngerti kon kudungan dikandani sopo?		

1824.	IE	Makku. Gak oleh asline sang gak kudungan, duso. Gak oleh mbukak aurat kak. Teko kakak-kakak teko bunda, teko emak.	Gak oleh asline sang gak kudungan, duso. Gak oleh mbukak aurat kak. Teko kakak-kakak teko bunda, teko emak.	Pengetahuan pentingnya menutup aurat. Memperoleh pengetahuan dari komunitas dan ibu subyek.
1825.	IR	Yo opo nek ngandani?		
1826.	IE	Bunda ngonok i, Dela kamu gak boleh makek celana pendek pakek apa itu kak harus, gak popo nggawe celono pendek tapi nek onok opo iku kak njeroane sing sak mene iku gpp.	Bunda ngonok i, Dela kamu gak boleh makek celana pendek pakek apa itu kak harus, gak popo nggawe celono pendek tapi nek onok opo iku kak njeroane sing sak mene iku gpp.	Pengetahuan pentingnya menutup aurat.
1827.	IR	Nek duso iku yo opo del? Diapakno seh del nek duso iku?		
1828.	IE	Embuh gak ngerti aku. Yo disikso.		
1829.	IR	Disikso sopo?		
1830.	IE	Disikso ambek nabi?		
1831.	IR	Ahahh disikso ambek nabi? Mbek nabi ta malaikat?		
1832.	IE	Iyo ambek Malaikat.		
1833.	IR	Kok ngerti nek gak klambinan dowo iku duso?		

1834.	IE	Aku nontok uwong sing cadaran. Sang mangan dibuka ngene, sret.		
1835.	IR	Pengen to cadaran?		
1836.	IE	Gak kudungan ae.		
1837.	IR	Del saman kan pernah menolong uwong yo, sing paling sampean uweleng banget sing menurut sampean iku pertolongan sing paling besar iku sampean nolong sopo del?		
1838.	IE	Embah.		
1839.	IR	Embah sopo?		
1840.	IE	Yo koyok embah maeng kak.		
1841.	IR	Ceritani cobak yo opo sampean kok isok nolong?		
1842.	IE	Enggak. Enggak.		
1843.	IR	Kok gak iku lo, lapo?		
1844.	IE	Gak popo.		
1845.	IR	Mbah e pas lapo kok ditolong?		
1846.	IE	Iyo koyok sakno kak, koyok mbahku.	Iyo koyok sakno kak, koyok mbahku.	Merasa kasihan melihat nenek-nenek mengingatkan ia pada neneknya.

1847.	IR	Mbah e iku omah e nak endi?		
1848.	IE	Embuh gak ngerti aku?		
1849.	IR	Tinggal e nak endi gak ngerti?		
1850.	IE	Embuh gak ngerti aku kak.		
1851.	IR	Podo-podo ngamen e gak kenalan to del?		
1852.	IE	Gak kak wong wes tuwo gak ngerti?		
1853.	IR	Sampean merasa gak hidupe sampean bermanfaat? Yo opo seh del hidup sing bermanfaat iku del?		
1854.	IE	Yo sopan, kak. Gak oleh sombong. Sang dikak i duwek uwong gak oleh uhhh rongewu gak oleh ngono. Awak dewe iku bersyukur isok nduwe tangan nduwe sikil nduwe opo ae. Timbang koyok wong sing gak nduwe tangan kak.	Yo sopan, kak. Gak oleh sombong. Sang dikak i duwek uwong gak oleh uhhh rongewu gak oleh ngono. Awak dewe iku bersyukur isok nduwe tangan nduwe sikil nduwe opo ae.	Pemahaman akan konsep bermanfaat dan bersyukur.
1855.	IR	Kok ngerti to ngonoku? Sampean saiki wes bersyukur ta durung del?		
1856.	IE	Yo bersyukur kak, sang gak dikek i uwong gak oleh ngamuk kak. Rejeki iku Allah sing mbagi. Kak sampean gak mangan sek ta kak?	Yo bersyukur kak, sang gak dikek i uwong gak oleh ngamuk kak. Rejeki iku Allah sing mbagi.	Pemahaman akan konsep bersyukur.
1857.	IR	Opo o emang?		

1858.	IE	Gak popo.		
1859.	IR	Sampean durung mangan to?		
1860.	IE	Gak. Uwes. Wedi sampean luwe gak mangan.	Wedi sampean luwe gak mangan.	Merasa empati takut peneliti merasa lapar
1861.	IR	Lapo wedi kakak luwe? Kakak lo wes maem maeng awan.		
1862.	IE	Aku kajenge tuku mie nok kono.		
1863.	IR	Yah mene? Lewat endi?		
1864.	IE	Yo nyabrang.		
1865.	IR	Ati-ati lo del dalane rame. Iku gak yo kali to terus lewat endi?		
1866.	IE	Muter kak.		
1867.	IR	Terus sampean bersyukure yo opo maneh seh del sak liyane iku mau?		
1868.	IE	Yo gak popo kak.		
1869.	IR	Misalkan sampean njaluk nak uwong terus gak dikak iduwek ngono?		
1870.	IE	Gak popo disyukuri.		
1871.	IR	Gak tau mangkel ngonokui del?		
1872.	IE	Gak, tapine sang aku metu gendenge aku ngamuk kak. Maya iku kak gak disyukuri		

		maya. Dikak i duwek uwong mangatus, uhhh mangatus. Yo gak popo ya. Tak konok i ngono.		
1873.	IR	Mesti gak gelem ngono dekne nek dikak i mangatus? Del, saman nek ngamen ngono iku lapo og Del?		
1874.	IE	Gak popo kak.		
1875.	IR	Jarene mau diseneni mak e? Yo opo mak e nek nyeneni?		
1876.	IE	Iyo kak. Tapine saiki gak.		
1877.	IR	Gak ngantuk e? Ngene ki engko turu yah opo?		
1878.	IE	Asline ngantuk kak.		
1879.	IR	Dileren i ta? Turu nak endi?		
1880.	IE	Nak kene.		
1881.	IR	Gak diseneni satpol PP nek turu nak ngarep ngono iku?		
1882.	IE	Enggak.		

Transkrip Wawancara Subyek 2

A

Hari/Tanggal : Kamis, 16 Agustus 2018

Jam : Pkl.15:41 -16:37 WIB

Lokasi : Di Jl Sidodadi Gang 1 No. 16. Depan rumah RW.

NO	IE/IR	Verbatim	Kata Kunci	Tema
1.	IR	Aisyah namanya siapa?		
2.	IE	Aisyah Suliyani.		
3.	IR	Aisyah Suliyani? Aisyah kelas berapa?		
4.	IE	Gak ono.		
5.	IR	O gak sekolah?		
6.	IE	Kelas satu.		
7.	IR	Kelas satu terus sekolah dimana?		
8.	IE	Diiiiii.. diiii ... di jembatan.		
9.	IR	O di jembatan berarti ikut TK itu. He,em kok nggak ikut sekolah di SD kenapa?		

10.	IE	Gak, gak oleh ibuk. Gak onok duwek.	Gak, gak oleh ibuk. Gak onok duwek.	Adanya kekurangan secara ekonomi sehingga tidak sekolah.
11.	IR	O gak nde duwek gak melbu sekolah nak SD? Opo'o kok gak nde duwek.		
12.	IE	Iku, iku, gae buat memasak.	gae buat memasak.	Uang buat memasak ibunya.
13.	IR	O duwite dibuat masak? Terus sampean gak isok sekolah?		
14.	IE	He'em.		
15.	IR	Terus-terus yo opo maneh?		
16.	IE	Ikuuu...gak tau.		
17.	IR	Aisyah sekarang tinggalnya dimana?		
18.	IE	Kui, iku. Di Sidodadi.		
19.	IR	Di sidodadi apa?		
20.	IE	Ngekos.		
21.	IR	Ngekos apa tinggal di rumah?		
22.	IE	Ngekos.		
23.	IR	Ngekos sebulan berapa, syah?		
24.	IE	Gak tau. Lima ratus ribu (500.000)		

25.	IR	O lima ratus ribu? Sing kerja iku ayah opo ibuk barang kerjo?		
26.	IE	Ayah. Ayah ibuk.		
27.	IR	Ayah kerja apa?		
28.	IE	Kerjo kain-kain.	Kerjo kain-kain.	Ayah bekerja di kain-kain, ibu bekerja dengan mengemis.
29.	IR	Terus ibuk?		
30.	IE	Ibuk kerjo nyari uang.	Ibuk kerjo nyari uang.	
31.	IR	Nyari uang apa?		
32.	IE	Mengemis.	Mengemis.	
33.	IR	Mengemis? Mengemis dimana?		
34.	IE	Di Sasak.		
35.	IR	Di sasak? Terus kalau ibuk mengemis biasanya Asiysah ikut nggak?		
36.	IE	Ikut.		
37.	IR	Aisyah ngemis sendiri apa sama ibuk?		
38.	IE	Ambek ibuk.		
39.	IR	O ambek ibuk. Setiap hari? Sekarang masih?		
40.	IE	Endak. Perutnya ibuk sakit.		

41.	IR	O perutnya ibunya sakit? Terus-terus aisyah punya adik nggak?		
42.	IE	Punya, dua. Meninggal satu.		
43.	IR	Adeknnya namanya siapa?		
44.	IE	Shilo (<i>Shiro</i>), Gak tau situknya. Meninggal satu.		
45.	IR	Emmm he'em he'em he'em. Aisyah sehari makan berapa kali?		
46.	IE	Dua kali.		
47.	IR	Lauknya apa?		
48.	IE	Tempe, tahu, endok.	Tempe, tahu, endok.	Gizi terpenuhi
49.	IR	Gak maem sayur?		
50.	IE	Iya ada. Sayur Sop.	Sayur Sop.	
51.	IR	O sayur sop? Terus biasane ngonoku aisyah maeme sedino ping piro?		
52.	IE	Ping tiga.		
53.	IR	Ping tiga ta ping dua?		
54.	IE	Ping dua.		
55.	IR	Ping dua ta ping tiga?		

56.	IE	Ping tiga		
57.	IR	Ping tiga ta ping dua?		
58.	IE	Ping tiga.		
59.	IR	Ngonoku sing masak sopo?		
60.	IE	Ibuk.		
61.	IR	Masak e lawuh e tumbas ta masak dewe?		
62.	IE	Masak dewe.		
63.	IR	O masak dewe. Aisyah biasane maem buah nggak?		
64.	IE	Mangan.		
65.	IR	Mangan buah opo?		
66.	IE	Buah semongko, kates.	Buah semongko, kates.	Gizi terpenuhi
67.	IR	Bendino?		
68.	IE	he'em.		
69.	IR	Tenan to bendino mangan buah?		
70.	IE	Buah kates ambek buah semongko, ambek buah nanas.	Buah kates ambek buah semongko, ambek buah nanas	
71.	IR	Sing nukokno sopo ngunu iku?		

72.	IE	Ayah.		
73.	IR	Oh ayah sing numbasno? Ditumbasno nak ndi?		
74.	IE	Nduuukk. Biasane gak eluh aku ditukokno nak endi.		
75.	IR	Ooo gak eluh? Hehehehe ... Terus aisya ditumbasno susu gak ambek ayah?		
76.	IE	Tukokno.		
77.	IR	Susu opo?		
78.	IE	Susu itu, coklat.	Susu itu, coklat.	Gizi terpenuhi
79.	IR	Bendino ngombe susu to gak aisya?		
80.	IE	Ngombe susu.	Ngombe susu.	
81.	IR	Diombe sopo ae susune?		
82.	IE	Adek, ibuk, ayah.		
83.	IR	Ibuk ayah yo melu ngombe susune? Yo opo yo opo? Nek tumbas susu ngono iku sopo sing ngombe?		
84.	IE	Adek, aku, adek,		
85.	IR	Emm sampean mbek adek? Adik e satu yo? Shilo mau? Adik e lanang ta wedok?		
86.	IE	Lanang. Lanang dua.		

87.	IR	O lanang dua. Aisyah ngono iku tau to gak sedino gak maem?		
88.	IE	Gak tau.		
89.	IR	Maem terus berarti?		
90.	IE	Tuku sego aku.	Tuku sego aku.	Pemenuhan gizi
91.	IR	Tuku sego sing numbasno sopo?		
92.	IE	Ayah.		
93.	IR	O sing numbasno ayah. Tumbas sego ping piro berarti?		
94.	IE	Ping situk.		
95.	IR	Ping situk? Emmmhhh. Ngunuku rego sego e piroan seh syah?		
96.	IE	Pitung ewu.		
97.	IR	Patang ewu? Patang ewu ta pitung ewu?		
98.	IE	Petung ewu.		
99.	IR	O pitung ewu, lawuh e opo?		
100.	IE	Sego ayam.		
101.	IR	Sego ayam mbek opo ae?		
102.	IE	Mbek tahu.		

103.	IR	Terus aisyah ngunuku biasane ditumbasno baju sopo?		
104.	IE	Ayah, ayah mbek ibuk		
105.	IR	Pirang ndino? Ngunuku ditumbasno pirang ndino pisan? Nek ditumbasno baju?		
106.	IE	Enggak.		
107.	IR	Hari opo ae?		
108.	IE	Iyo. Lebaran ditukokno aku.	Lebaran ditukokno aku.	Pemenuhan kebutuhan sandang.
109.	IR	Sak liyane ayah mbek ibuk onok gak wong sing numbasno maneh?		
110.	IE	Ada nenek.	Ada nenek.	
111.	IR	Nenek e sopo jenenge?		
112.	IE	Mak inem mbek mbah shodong.	Mak inem mbek mbah shodong.	
113.	IR	O mak inem mbek mbah sodong? Ditumbasno opo biasane?		
114.	IE	Klambi.	Klambi.	
115.	IR	Klambi opo?		
116.	IE	Klambi ambek sepatu mbek buanana.	Klambi ambek sepatu mbek buanana.	
117.	IR	O mbek bua opo?		

118.	IE	Buanana. Klambi banana wi lo.	Buanana. Klambi banana wi lo.	
119.	IR	Owalah. Klambi banana ditumbasno sopo wi?		
120.	IE	Mak. Mak inem mbek mbah shodong.	Mak. Mak inem mbek mbah shodong.	
121.	IR	O diumbasno mak inem mbek mbah shodong. Ngunuku saman seneng to gak nek dibelikan baju?		
122.	IE	Seneng.	Seneng.	Merasa senang karena memiliki baju baru.
123.	IR	Yo opo? Opo o kok seneng?		
124.	IE	Iku, polane aku nduwe klambi balu. Aku gelem. Gelem aku.	Iku, polane aku nduwe klambi balu.	
125.	IR	O gelem nduwe klambi baru? Seneng iku opo o seh?		
126.	IE	Suka, gembira, gak tau.		
127.	IR	Seneng gak tau?		
128.	IE	Gembila.		
129.	IR	Terus yo opo meneh? Terus sak liyane baju ngunuku tau nggak ditukokno opo ngunu mbek ayah mbek ibuk? Ditumbasno opo?		
130.	IE	Ayam, jajan, es kepal mau iku.		
131.	IR	O es kepal mau iku yo ditumbasno?		

132.	IE	Sing gede.		
133.	IR	Ditumbasno sopo?		
134.	IE	Ayah mbek ibuk.		
135.	IR	Ayah ngonoku oleh duwet akeh to nek kerjo ngono iku? Oleh piro ngunuku sak ulan?		
136.	IE	Tiga latus libu (300.000). Seratus ribu.		
137.	IR	Sak ulan seratus ribu?		
138.	IE	He'em.		
139.	IR	Kerjone opo to?		
140.	IE	Kain-kain.	Kain-kain.	Pekerjaan ayah subyek
141.	IR	Kain-kain iku kain e diapakno?		
142.	IE	Diangkat.	Diangkat.	
143.	IR	O ngangkati kain. Digowo nak endi?		
144.	IE	Nggone itu, toko-toko.	Nggone itu, toko-toko.	
145.	IR	O kaine diangkat digowo nak toko-toko. Sampean kok ngert'i		
146.	IE	Iya, aku ikut nduk kerjoane.		
147.	IR	O tau melu nak kerjoane? Kapan nek melu?		

148.	IE	Hari senin. Biasane aku njaluk duwek, gae nabung.	Biasane aku njaluk duwek, nabung.	Menabung
149.	IR	Nabung nak endi?		
150.	IE	Lho nabung gawe ngaji.	nabung gawe ngaji.	Menabung
151.	IR	O nek ngaji iku nabung? Nabung piro biasane ngunu iku?		
152.	IE	Mang ewu, longewu, sepuluh ewu.		
153.	IR	Nabunge nak sopo?		
154.	IE	Nduk abah pota. Eh abah topa. Itu umik.		
155.	IR	O onok umik e barang to? Lapo emang kok kudu nabung kok?		
156.	IE	Iku gawe baju. Ge tuku baju. Baju buanana.	Ge tuku baju. Baju buanana.	Menabung
157.	IR	O baju buanana? Nabung iku maeng gae tumbas baju buanana? Ogak gawe		
158.	IE	Ambek klambi bonek.		
159.	IR	O ambek klambi bonek? Nde klambi bonek to?		
160.	IE	Saiki aku gak punya buak, gak punya ambi bonek saiki. Ilang.		
161.	IR	Ow ilang. Ilang nak endi ambi bonek e?		
162.	IE	Ndeek omah.		

163.	IR	Omah endi?		
164.	IE	Ke satpol PP iku.		
165.	IR	Ooo yo opo yo opo nek nggowo satpol PP?		
166.	IE	Dimek i ambek satpol PPne jahat . Gak oleh mbek satpol PP ne. Iku dideleh nduk adohan iku mbak.	satpol PPne jahat.	Merasa bahwa satpol PP jahat karena telah membawa bajunya.
167.	IR	Opone sing di deleh nduk adohan?		
168.	IE	Deleh nduk trek ngunu iku, pasan mari di deleh nduk trek nduk dikapek ambek ayahku.	Deleh nduk trek ngunu iku, pasan mari di deleh nduk trek nduk dikapek ambek ayahku.	
169.	IR	Terus oleh to gak dikapek ambek ayahmu?		
170.	IE	Gak oleh.	Gak oleh.	
171.	IR	O gak oleh dijupuk ayahmu? Terus ilang berarti?		
172.	IE	Iyo.		
173.	IR	Ngono kui yo opo sampean?		
174.	IE	Wes aku nggak nontok bonek.		
175.	IR	O wes gak nontok bonek? Emang tau nontok bonek?		
176.	IE	Aku tau.		

177.	IR	Nontok bonek nak endi?		
178.	IE	Daerah bung tomo.		
179.	IR	Nontok sepak bolane?		
180.	IE	Iyo, mbek ayah mbek adek.		
181.	IR	Ibuk gak melok?		
182.	IE	Gak.		
183.	IR	Gak wedi ngono iku nek nontok bonek?		
184.	IE	Enggak, tambah seneng. Aku nek gak onok ambiku ndelok ndek tipi kak.		
185.	IR	Opo nek gak onok opo?		
186.	IE	Nek gak onok ambi bonek ndelok ndek tipi.		
187.	IR	O nek gak ambi bonek ndelok ndek tipi?		
188.	IE	Ayah dewean ambek adikku ndelookk bonek. Aku gak dijak		
189.	IR	O gak dijak. Lapo jarene kok gak dijak?		
190.	IE	Yo wes aku nek ndak dijak nak omah ning pak deku ae.		
191.	IR	Emmm ngono. Terus pas klambine saman dijupuk satpol PP ngunu iku saman yo opo?		

192.	IE	Gak seneng, nangis.	Gak seneng, nangis.	Merasa tidak senang saat bajunya diangkut satpol PP.
193.	IR	Gak seneng, yo opo gak senenge?		
194.	IE	Nangis aku bun.	Nangis aku bun.	
195.	IR	Nangis. Opo o kok nangis?		
196.	IE	Ambi bonekku ilang, nangis aku. Gak oleh ndelok aku. Pingin ndelok aku, bun.	Ambi bonekku ilang, nangis aku.	
197.	IR	Terus yo opo mari nangis iku?		
198.	IE	Iku ambek ibukku ditukokno es krim.		
199.	IR	O nek nangis ambek ibuk e ditumbasno es krim?		
200.	IE	Mari ditukokno es krim aku ditukokno ambi bonek nek nyekel duwek.	ditukokno ambi bonek nek nyekel duwek.	Dipenuhi kebutuhan sandangnya bila orang tua memiliki uang.
201.	IR	Terus nek gak nyekel duwek yo opo?		
202.	IE	Gak ditukokno aku.		
203.	IR	Ngunuku nangis to ogak?		
204.	IE	He'em nangis.		
205.	IR	Lapo kok nangis?		
206.	IE	Nangis pengen ndelok ambi bonek.tuku ambi bonek.		

207.	IR	Nangis pingin ambi bonek?		
208.	IE	He'em pingin ndelok aku mbak.		
209.	IR	O pengen ndelok. Terus terus?		
210.	IE	Uwes aku.		
211.	IR	Ngunuku sedih to enggak pas ambi bonek e dijupuk satpol PP?		
212.	IE	Sedih.		
213.	IR	Nek sedih yo opo seh?		
214.	IE	He'em ada uwongane emak koncone emakku.		
215.	IR	Piye piye piye?		
216.	IE	Koncone makku itu dianukno itu lo sayang ambek emak, ambek aku, ambek mbak dela, ambek ibukku. Asline sakno iku lo mbak gak nde adek. Adekku mati situk iku lo mbak. Ngonono.	Koncone makku itu dianukno itu lo sayang ambek emak, ambek aku, ambek mbak dela, ambek ibukku.	Merasa disayangi oleh orang-orang sekitarnya.
217.	IR	Adik e sopo?		
218.	IE	Adikku. Aku sedih lek adikku anu leekkk dikubur. Sedih aku.	Aku sedih lek adikku anu leekkk dikubur	Merasa sedih
219.	IR	Sedih? Opo o emang kok sedih?		
220.	IE	Iya. Itu kehilangan adikku.	Itu kehilangan adikku.	Merasa sedih karena kehilangan orang terdekatnya.

		Iku lo shilo iku lo gendong tok. Uwes mati, mbak.		
221.	IR	Shilo tapi tau nggendong?		
222.	IE	He'em. Ambek aku. Nek ngamuk gendong. Lek aku ngamuk gendong ngono.		
223.	IR	Sing ngamuk sopo?		
224.	IE	Aku lek ngamuk iku lo gendong, mbak.		
225.	IR	Gendong sopo?		
226.	IE	Uwes aku ngamuk. Aku gendong ae buk lek aku gak seneng dulinan hape ngunu. Wes iku. Aku, adikku mati, gak seneng aku.	Aku, adikku mati, gak seneng aku.	Merasa tidak suka karena adiknya meninggal
227.	IR	Lapo kok gak seneng?		
228.	IE	Adikku sayang nduk aku.	Adikku sayang nduk aku.	Merasa disayangi oleh orang terdekatnya.
229.	IR	O sayang mbek aku?		
230.	IE	Iyaa mbek aku, mbek mbah inem. Kan onok maneh mbahku maneh jenenge mbak wek mati.	Iyaa mbek aku, mbek mbah inem. Kan onok maneh mbahku maneh jenenge mbak wek mati.	
231.	IR	Mbah sopo?		
232.	IE	Mbah we, cidekan mbah we. Iki mbah we iki adikku wi. Ngono mbak. Aku wes sayang mbah we, adikku ngono, kak.		

233.	IR	Sayang mbah wek sayang adik e? Terus-terus?		
234.	IE	Terusnya wes sudah-sudah mulih kak. Mulih ndek itu. Aku pasan wes mari mulih-mulih nduk Lamongan nduk mbahku situk e.		
235.	IR	Terus pas prasaan e saman pas sedih iku yo opo seh? Piye seh sedih iku? Ngerti nek sedih iku yo opo?		
236.	IE	Sedih adikku sedih mbahku ngono.		
237.	IR	Terus sedih opo maneh? Sedih e iku gara-gara opo maneh		
238.	IE	Nangis, sedih adikku nduwe		
239.	IR	Biyen nek ngamen ngunuku sedih ta ogak?		
240.	IE	Enggak.		
241.	IR	Opo o kok nggak sedih?		
242.	IE	Seneng onok konco-koncane ngono, kak.	Seneng onok konco-koncane ngono, kak.	Merasa senang memiliki banyak teman.
243.	IR	Tapi ngono iku gak tau sedih?		
244.	IE	Gak.		
245.	IR	Opo o kok gak tau sedih?		
246.	IE	Ituuuu ndeelek uangku gawe mulih kak.	ndeelek uangku gawe mulih	

247.	IR	Oo golek uang gawe mulih. Mulih nak endi seh?		Mencari uang untuk pulang kampung.
248.	IE	Mulih ndek ndeso.	Mulih ndek ndeso.	
249.	IR	Ndesone endi?		
250.	IE	Nduk ndeso ambek Lamongan.		
251.	IR	Ndesone endi?		
252.	IE	Kediri, Ngawi. Yo nduk ndeso iku onok koncoku mbak alin ngono.		
253.	IR	Oo ngono. Seneng endi nak ndeso ambek nak kene?		
254.	IE	Seneng nak ndeso.		
255.	IR	Opo o kok seneng nak ndeso?		
256.	IE	Onok koncone.		
257.	IR	Lha nak kene gak akeh koncone to?		
258.	IE	Arek ndok kono jahat mbak, ndek kene.	Arek ndok kono jahat mbak, ndek kene.	Mengalami Pembullyan
259.	IR	Opo o kok jahat?		
260.	IE	Titik aku di siwak i. Titik di siwak i ngono.	Titik aku di siwak i. Titik di siwak i ngono.	
261.	IR	Disiwak i iku diapakno?		

262.	IE	Di anu gak diboloni.	Di anu gak diboloni.	
263.	IR	Lha lapo kok gak dibolo?		
264.	IE	Meneng-meneng mbak aku gak dibolo. Gak popo yo mbak braian di hapus benn gak isin ngono.	Meneng-meneng mbak aku gak dibolo.	
265.	IR	Dilokno sopo?		
266.	IE	Gak oleh mbak ngono. Disiwaki mau. Yo Cin yo mau?		
267.	IR	Di siwak i sopo mau?		
268.	IE	Paha, pahi ngono.		
269.	IR	Paha pahi iku sopo?		
270.	IE	Koncoku mbak.		
271.	IR	Terus disiwaki, digepuk ta enggak ngunuku?		
272.	IE	Digepuk biasane, dijiwiti, dilokno ngono, Soleman ambek Yuli ngono.	Digepuk biasane, dijiwiti, dilokno ngono, Soleman ambek Yuli ngono.	Mengalami pembullying dan kekerasan fisik.
273.	IR	Apa?		
274.	IE	Soleman ambek yuli ngono. Biasane.	Soleman ambek yuli ngono. Biasane.	
275.	IR	O dilokno ngono. Ngonoku saman piye perasaan e sampean nek dilokno?		

276.	IE	Mangkel ngono. Tak thelekno ibukku. Nesakno aku.	Mangkel ngono Nesakno aku.	Merasa jengkel (<i>sakit hati</i>) saat diejek. Merasa kasihan.
277.	IR	Sakno sopo?		
278.	IE	Sakno Pahi ambek Paha ngono.		
279.	IR	Lha lapo kok sakno?		
280.	IE	Polane ngelokno aku. Pasane aku dewean ngono iku. Paman-paman, opo. Terno aku nduk Gili po o. O iyo ngono. Diterno aku.	Pasane aku dewean ngono iku Diterno aku.	Mendapat bantuan dari orang sekitar.
281.	IR	Sopo sing ngeterno sampean? Lha lapo sampean kok diterno nduk Gili?		
282.	IE	Aku gak onok ibukku. Aku ambek ayahku. Amukan tok.	Amukan tok.	Menyaksikan pertengkaran orang tuanya.
283.	IR	Sopo sing ngamukan?		
284.	IE	Ayahku ambek Ibukku.	Ayahku ambek Ibukku.	
285.	IR	Ngamukan tok?		
286.	IE	Aku nek nyelengi disuweki anune.	Aku nek nyelengi disuweki anune.	
287.	IR	Nyeleng opo? Disuweki sopo?		
288.	IE	Disuweki ayah ibuk. Gak ngekel duwek kak.	Disuweki ayah ibuk. Gak ngekel duwek kak.	
289.	IR	Opo opo?		

290.	IE	Gak ngekel duwek gawe masak ngono.	Gak ngekel duwek gawe masak ngono.	Memahami kondisi ekonomi keluarga
291.	IR	Terus sing disuweki mau duwik e sopo?		
292.	IE	Duwekku.		
293.	IR	Disuweki sopo?		
294.	IE	Ayah. Dibolongi iku lo kak dipecah.		
295.	IR	Celengan e dipecah? Digawe opo kok dipecah?		
296.	IE	Digawe masak. Gawe mangan nduk pasar ngono. Tuku sego tuku makanan iku kak. Duduh. Duduh Sop ngono biasane. Saiki ya masak duduh sop.	Digawe masak. Gawe mangan nduk pasar ngono. Tuku sego tuku makanan iku kak.	Uang digunakan untuk memasak
297.	IR	Saiki masak duduh sop? Terus terus yo opo maneh?		
298.	IE	Mari masak duduh sop yo kak terus duduhne kan entek, tuku maneh kak.		
299.	IR	O bengine tuku maneh? Tuku opo?		
300.	IE	Tuku sego.		
301.	IR	Sya, Aisyah tau ndak membantu uwong?		
302.	IE	Tau.		
303.	IR	Membantu opo seh?		

304.	IE	Membantu umbah-ubah.	Membantu umbah-ubah	Pernah membantu mencuci
305.	IR	Tenan to ngono iku mbantu wong nyebrang? Sing membantu nyebrang saman ta mbak-mbak e?		
306.	IE	Mbak-mbak e.		
307.	IR	Lha lek sampean dewe? Sampean dewe tau gak membantu uwong?		
308.	IE	Tau. Biasane nek gak onok mbakku, mblayu.		
309.	IR	O nek nyabrang iku mblayu? Gak wedi nek ketubruk?		
310.	IE	Gak. Ndelok-ndelok.		
311.	IR	O ndelok-ndelok. Terus tau membantu uwong opo maneh?		
312.	IE	Ituuuu ngepel-ngepel.	ngepel-ngepel.	Pernah membantu mengepel.
313.	IR	Ngepel-ngepel opo?		
314.	IE	Ngepel lantai.		
315.	IR	Lantai opo? Omah ta masjid?		
316.	IE	Ngepel omah.		
317.	IR	Omah e sopo?		
318.	IE	Omah ning aku. Omah ning omahku.		

319.	IR	Sampean ngono iku membantu ibuk. Ngono iku dikongkon ibuk ta karepe sampean dewe?		
320.	IE	Aku. Senenganku lo mbak.	Senenganku lo mbak.	Membantu karena suka.
321.	IR	O senengan e ngepel-ngepel. Lapo kok seneng ngepel-ngepel?		
322.	IE	Enak.		
323.	IR	Enak iku yo opo seh?		
324.	IE	Gak tau.		
325.	IR	Lho kok gak tau iku lo?		
326.	IE	Seneng.		
327.	IR	Emmm seneng. Mergak e lapo kok seneng?		
328.	IE	Seneng-seneng. Lek adus aku ambek ibukku ngono. Adus pasan mari ngepel-ngepel, nyapu-nyapu. Pasan anu lo. Ringkes-ringkes biasane.	mari ngepel-ngepel, nyapu-nyapu. Ringkes-ringkes biasane.	Membantu mengepel, menyapu, membereskan rumah.
329.	IR	Nek mari dolenan ngono iku diringkesi ta ogak?		
330.	IE	Iyo.		
331.	IR	Lapo o kok diringkesi?		
332.	IE	Seneng aku, kak.	Seneng aku, kak.	

333.	IR	O seneng ringkes-ringkes? Yo opo seneng ringkes-ringkes iku?		Suka membereskan mainan setelah selesai bermain.
334.	IE	Onok koncoku ngono. Pasan iku mbak nek wes bengi iku toto-toto pasan aku adus. Adus dewean.	Pasan iku mbak nek wes bengi iku toto-toto	
335.	IR	Iso adus dewean?		
336.	IE	Isook kak. (<i>mandi sendiri</i>)		
337.	IR	Gak njaluk adusi ibuk ngunuki?		
338.	IE	Gak.		
339.	IR	Opo o kok gak njaluk adusi ibuk?		
340.	IE	Biasane adus ambek ibuk.		
341.	IR	Opo o kok adus dewe? Lapo o kok isok adus dewe?		
342.	IE	Isok. Seneng adus dewean kak.		
343.	IR	Lapo o kok senengan adus dewean?		
344.	IE	Ben gak isin.		
345.	IR	Isin iku yo opo seh?		
346.	IE	Ben gak dilokno ambek koncoku.		
347.	IR	Dilokno piye seh biasane ambek koncone?		

348.	IE	Koyok mau iku. Mainanku iku tak wenehno dekne semua, gak dibalekno ambek aku.	Mainanku iku tak wenehno dekne semua, gak dibalekno ambek aku.	Suka berbagi
349.	IR	Mainan e sampean, sampean wenehno sopo?		
350.	IE	Tak kekno iku...	Tak kekno iku...	Suka berbagi.
351.	IR	Diwenehno Paha Pahi. Lapo kok diwenehno?		
352.	IE	Iku akeh mainan e. Wes saiki mainanku kari boneka tok.		
353.	IR	O boneka tok. Sopo sing numbasno mainan e?		
354.	IE	Nek ayahku kerjo golek duwek itu aku ditukokno kak. Dua ngono.		
355.	IR	Ditukokno opo?		
247.	IR	Larena ngoten niku nggeh mboten maem?
248.	IE	Gak. Yo gak wetengku luwe yo gak.
249.	IR	Mboten tumbas sekul kiyambak ngoten niku nek keleson?
250.	IE	<u>Gak gelem mbak nek gak sangking mak njaluk duwek e mak. Gawe opo del? Gawe tuku sego.</u> Gak tau.
251.	IR	Buk riyin pas larene mandek sekolah ngoten niku mboten njenengan seneni?
252.	IE	Yo iku kan asal e sekolah iku anu dek e iku <u>kepengen mbak sekolah. Cuma deke iku tepak ngamen kepethuk koncoe. Dadie nak sekolaan iku dirasani koncone.</u> Ngono lo mbak. <u>Dadi terus dekne iku gak gelem sekolah. Ajane anu mbak gurune kepala sekolah e iku digolek i ping telu. Soal e dela iku pinter mulai kelas siji, kelas loro, kelas telu gak kecantol belas. Kelas telu dekne iku wes gak sekolah. Kan biyen dibiayai kakak-kakak iku, koyok sampean ngono iku, dibiayai. Keperlu opo ngono ngomong. Yo sak jane terus kakak gak onok, aku mbak sing mbayar sekolah e kapan sak ulan. Terus mari ngono iku, terus yo iku gara-gara dilokno koncoe. Aku yo ngomong nak kepala sekolah e. Kenapa? Ngeten pak ngeten. Yo aku wes ngomong.</u>

253.	IR	Kepala sekolah ngriki tapi buk?
254.	IE	Iyo nang kene pak Yunus.
255.	IR	Terus njenengan sanjangi dospundi?
256.	IE	Aku gak anu. Anu sing endi ngono? Dela niku dikenek i konco pak. Ayok sekolah maneh. Wes gak gelem, mbak. Wes gak gelem. Wes gak sekolah. Pas sek iko mbak onok nak nggone garnesa kene iki lo mbak, kene iki onok daftaran tanpa uang muka, wes tanpa awak dewe ki pokok e nganu arek e sekolah ngono. Nha maari iku mbak koncoe sing nak kono iku gak teko. Wes terus gak sekolah. Asline dela iku kepengen mbak sekolah mbak. Kepengen sekolah, kepengen dekne iku cita-cita e kepengen ngenakno awak dewe. Aku mak mene-mene nek wes gede aku gak ngamen. Aku tak kerjo nak toko sampean nok deso. Aku nok suroboyo, tak kerjo mak sak ulan pisan aku mulih. Ngono mbak dek e iku. Tak kerjo nak toko-toko.
257.	IR	Kok mpun ndenger nggih ngoten niku?
258.	IE	Iyo mbak dek e iku.
259.	IR	Lha nggih kok sampek mikir sak mono?
260.	IE	<u>Aku mak mene yo mak yo anu yo mak yo, kerjo mak. Umur pat belas limolas gak ngamen mak. Wes tak kerjo nang toko. Yo del. Kan nek masi gak nduwe ijazah nak toko diterimo mbak pokok e onok sing nggowo. Nek kerjo-kerjo nang nganu kan paling njaluk surat anu, surat opo jenenge, permohonan tok. Nek cita-citae dekne no mbak, ooo wes ngalah-nglahi anu, ngalah-ngalahi arek wes gede.</u> Kan arek sak mono iku kan sek gurung eruh anu, nek dela enggak.
261.	IR	Jane wayah e seneng-seneng nggih?
262.	IE	Iyo. Seneng-seneng. <u>Wes mak ojo melok arisan mak, arisan iku wes gak usah dielok i maneh. Saiki mbak, karek nutukno tok aku mbak.</u> Aku wes gak.
263.	IR	O di pengeng kalih larene? Lha kengeng nopo?

264.	IE	Iyo. <u>Wedi nek gak isok mbayar mbak. Wedine gak iso mbayar. Mak wes tuwek, bapak wes tuwek nek nak ndeso sopo sing mbayar? Mene aku kerjo nak toko sampean nak ndeso, aku tak nang suroboyo.</u> Iyo.
265.	IR	Kok nggadah pikiran ngoten niku to buk? Ngoten niku njenengan sing ngajari nopo dospundi?
266.	IE	Yo enggak. <u>Yo bek e ngrungokno omongane ndelokno arek-arek sing kerjo-kerjo ngono iku mbak. Kan juga onok arek-arek nek anu ngono iku. Iyo aku nyambut gae. Koyo anu ngono iku kan suka onok arek ngomong, aku kerjo makku nak ndesso. Kan onok mbak ngono iku. Kan akehan arek-arek kos ngono iku, mestine kan arek e nak ndeso. Mbek arek-arek sak koncoan ngon iku yo Lipa, yo Lia, aku anu, aku enggak pacaran, aku gak kesusu kawin nek durung ngenakno emakku. Mene-mene nek makku wes enak, kerjoku enak, aku baru kawin. Nek saiki gak kepene pacar-pacaran aku, ngono. Ngono barang. Kan koyok Lipa, koyok lipa kan gojlok-gojlokan iku mbak. Anu aku kapene enggak, gak kapene kawin. Sakno makku, dekne. Yo wes. Pokok e dek e iku pikiran e tuwek.</u>
267.	IR	Lha nggeh lare sak monten kok sampek mikir sampek sak monten.
268.	IE	<u>Umure sik cilik mbak tapi, pikirane tuwek.</u> Ancene wes nasib e mbak. Wes nasib e dek e. Wes nasib e dek e embuh. <u>Aku ae kadang-kadang sampek mikir, sakno yooo. Yo opo mbak wes keadaan wes koyok ngene.</u> Aku nyambut gawe, nyambut gawe munggo o melok uwong ngono, melok cino. Nek melok cino bayaran kan akeh mbak, aku lo mbak ditari mbak melok uwong tapi gak oleh mulih. Kan aku sakno mbak, sakno bapak e wes tuwek.
269.	IR	Enggeh buk, wong cino mesti ngoten nggeh.
270.	IE	Aku tepak mulih sak bendino bayaran patang puluh seket. Sing iko anu aku ditari uwong mbak pas bayarane wolung atus mbak sak ulan. Ngedusi wong anu iku mbak. Wong stroke mbak. Gak gelem mbak ambek wong, huu ojok mak inem mek sak juta setengah ngono. Wes gak anu kak, gak sido. <u>Masio aku ngono mbak tepak aku cukup dewe Dela iku gak tak olehi ngamen. Wes tak kongkon koyok arek-arek, wayah e belajar nak kakak-kakak, ngaji ngono iku, tapi dek e iku mbak tepak gak ngaji ngono iku kepikiran. Aku mak, ngaji yo podo ae, gak ngaji yo podo ae. Aku ngaji ae mak. Ngaji iku nganu masio mulih dalu rejeki iku onok ae, masio mulih dalu sek oleh rejeki. Pokok e dek e iku anu, del gak ngaji del? Ngaji, mak. Nabung. Ngaji iku nabung. Nek jemuah, kan nek ngaji jemuah iku</u>

		<u>ngaji mbak nek oleh duwek yo nabung limang ewu. Nek gak oleh duwek nabung rong ewu, telung ewu. Kadang gak nabung. Tabungan iku kadang nek aku perlu iku oleh sampek, oleh piro del, oleh satus mak. Jaluk en del seng seket del gae tuku jamu. Tak jaluk sing seket.</u> Engko nek butuh maneh, oleh piro del? Mak anu mak, ojo dijuluk nek gawe tuku jamu tak golek tak ngamen. Tak jaluk mbak. <u>Sik iko rioyo oleh rongatus seket dijuluk gawe tuku klambi, gawe tuku celono. Nek pengajian nak abah arek sing rajin ngaji kan oleh e dewe. Duwek mbak, kan dikak i duwek mbek abah mbak.</u>
271.	IR	O diparingi arto?
272.	IE	Iyo mbak, seket saben pendak rioyo. Pendak malem wolulukur terus dikak i duwek. <u>Sing rutin koyok dela ngono iku pokok e dela iku rutin.</u> Koyok maya iku, nek maya iku, nek maya iku, maya iku ngaji jarang-jarang.
273.	IR	Larene ngoten niku nek kalih dulur-dulure ngoten niku dospundi buk?
274.	IE	Yo anu mbak. Meneng. Gak tau iku mbak, gak tau...Yo iki agus iki mbak gak koyok dulur-dulure. Kaku watak e gak koyok pebri. Tukaran tok nek enek pebri.
275.	IR	Tukaran kalih sinten?
276.	IE	Agus iku. Tukaran ae. Saiki kerjo nak luar kota. Sak ulan. Mung sak ulan.
277.	IR	Lha ngoten niku byarane pinten buk?
278.	IE	Anu mbak jarene pitu limo. Sedino. Nek nglembur satus jerene.
279.	IR	Terus dek winginane ngoten niku sing damel tumbas nopo niku tiket kapal ngoten niku?
280.	IE	Anu wes teko kono mbak. Wes teko sing ngajak.
281.	IR	Tapi mboten dipotong bayarane?
282.	IE	Yo enggak iku. Bek e bayarane iku bek e satus seket sing seket dipotong ngono bek e lo mbak. Gak ngerti. Bek e wes dipotong bayaran bek e. Kok muk pitu limo bayarane wong luar kota. Nek nglembur satus bek e wes dipotong bek e.
283.	IR	Niku agus mboten tumut?

284.	IE	Enggak, nganu sek cilik umure. Agus sik piro mbak? KTP yo gak nduwe. Masi pebri KTP yo sek durung dadi tapi wes dewasa.
285.	IR	Buk dela niku larene seneng nulung to buk? Seneng nulungi tiyang?
286.	IE	<u>Nek iku mbak nek sipate niru aku seneng nulung mbak.</u>
287.	IR	Njenengan nate ngertos to nek larene nolongi tiyang ngoten niku?
288.	IE	Iyo. Anu. Mak sakno mak yo. Yo del. Nek onok, <u>nek onok wong podo ngamen ngono iku nek onok wong ngamen iku mak, mak anu mak nek mulih nak ndeso nglumpukno duwek limangatus-limang atus, ewon-ewon iku mbak. Kadang limolas sewu. Kekno nang wong ngamen-ngamen nang ndukur e bis iku mbak. Nek mulih nak ndeso.</u>
289.	IR	Larene kiyambak sing maringaken ngoten niku?
290.	IE	<u>Mak iki tak gawe gawe engko nek onok mas-mas ngamen. Didewekno mbak.</u>
291.	IR	Ngoteniku njenengan ngoten sing ngurangi?
292.	IE	Enggak yo wes dewe. Kan <u>yo wes podo ae mbak dek e kan ngamen, yo wes pikiran e yo wes ngono. Iyo rek koyok aku. Yo wes gak atek diuruk i. Dek e penggawean e ngamen yo wes.</u>
293.	IR	Ngrumangsani nggeh?
294.	IE	Iyo.
295.	IR	Bek e riyin pas nontok njenengan maringi ngoten niku larene tiron?
296.	IE	Embuh biyen nek pas sik cilik.
297.	IR	Dela ngoten niku tapi mboten nate buk sampek dilokno wong pan ngamen ngoten niku?
298.	IE	Tau mbak. Kadang ngene. Ayu-ayu gak sekolah ta? <u>Sekolah Bah gae sangu sekolah bah, ngono tok. Saman nganu, iso sholat ta? Iso bah. Dijak sholat bah. Dikek i duwek. Onok mbak kadang abah-abah, kakak-kakak nggolek i dela sing tau ngekek i.</u> Nang ndi gak tau kepethuk del? <u>Gak ngamen ngono. Diterno. Kadang ditukokno sego, kadang ditukoknbo jajan terang bulan ngono.</u> Iyo nak sasak

		ngono iku. Kan sasak iku nggone uwong-uwong mangan-mangan. Pasar panganan mbak nang kono. Pasar malem tapi nggone wong mangan-mangan. Teko ndi-ndi.teko adoh-adoh mbak nak kono. Bis rombongan.
299.	IR	O paling ziaroh ngoten niku bek e?
300.	IE	Iyo.
301.	IR	Sak niki berarti mpun mboten ngamen ten ampel nggih buk?
302.	IE	Gak oleh saiki ampel mbak. Dijogo. Isuk awan bengi. Aplosan satpol Ppne. Mbiyen mbak wong njarah iku sek jaman e durung posoan iku wong njarah-njarah iku akeh mbak. Saiki gak isok. Gak isok melbu ampel gak isok. Ketat saiki.
303.	IR	Sinten? Tiyang ngamen ngemis ngoten niku?
304.	IE	Iyo he'em. Dicekel mbak. Aku tau mbak saben e dela kenek cakup mbak.
305.	IR	Sing kalih mbak yuli niko to?
306.	IE	Enggak dewe. Ambek arek koncone arek mbulak banteng.
307.	IR	Lha ngoten niku dospundi nek kengeng cakup?
308.	IE	Sing nggolek i mbaak teko ndi-ndi. Tak golek i mrono gak onok, tak golek i rene gak onok. Nang pantai kono gak onok. Wes teko daerah-daerah kidul kono. Aku ambek nangis-nangis. Maringono mbak menene ngono terus tak golek i wes nak keputih. Disekek nak keputih. Mbayar mbak. Mbayar rokok rong pack, ngekek i duwek seket pengen e turu ambek dela iku nang kono. Dadi telung ndino aku turu nang kono. Terus diurus karo cacak e sing nang bulak banteng iku terus dijulukno surat keterangan sekolah iku anu nang nggone gurune terus ditokno. Iyo nek arek sekolah ditokno mbak pokok e onok ijazah e ngono iku lo mbak. Dela kan nduwe sing onok potu e iku. Iku terus ditokno. Gak nduwe ngono gak ditokno mbak.
309.	IR	Mboten nangis buk larene ngoten niku?
310.	IE	Nangis mbak suwengi iku dekne gak gelem turu, nangis jarene. Dikek i mangan gak gelem, dikongkon adus gak gelem. Sing aku nggolek i iku.
311.	IR	Kok akhire saget medal buk?

312.	IE	Yo diurus iku mbak. Diurus cacak e.
313.	IR	Buk, putrane njenengan wonten sing ten kampung to?
314.	IE	Onok sing cacak e nomor siji iku nang bulak banteng melok bojone. Melok morotuo.
315.	IR	Merdamel nopo niku?
316.	IE	Serabutan mbak. Anu kan isok nyupir mbak. Nyupir sing wedok mbuka WiFi an ambek jajan-jajan kan nomah e dewe yo omah e dewe wesane. Anak e siji lanang.
317.	IR	Sing ten ndeso?
318.	IE	Sing nang ndeso kerjoe tukang. Tukang nek onok wong nggawe omah anakku sing nggarap.
319.	IR	Njenengan kok mboten dijak mriko buk? Mboten dijak tinggal kalih putrane sing ten ndeso?
320.	IE	Ndoh iyo. Asline aku iki mbak dikongkon cumak e aku iki kan nang kene utangku isik nduwe utang. Engko nek aku uwes lunas utang. Aku mulih nang ndeso.
321.	IR	Gadah utang ten mriki nggehan? Nggadah utang sinten?
322.	IE	Iyo mbak. Yo utang-utang arisan.
323.	IR	Tasek pinten ngoten niku?
324.	IE	Akeh mbak. Gak tau tapi saiki. <u>Gak melok arisan Cuma karek mbayar tok. Engko nek wes entek mbak gak enak sawangane nduwe utang saiki nang ndeso. Utange dientekno disik mulih.</u> Mrene mbuh sak minggu pisan. Masio mulih nang ndeso mbak mosok kate njaluk nang anak. Situk e anak situk e kan mantu.
325.	IR	Tapi ten mriko manggeni sinten?
326.	IE	Yo ngenggoni omahku. omahne makku. Yo wes tinggalane makku. Wes nang omahku.
327.	IR	Tapi jan-jane sing ngramut njenengan ten mriko nggeh?
328.	IE	Iyo he'em.
329.	IR	Dela kok mboten disekolahno ten mriko mawon kalih mas e?

330.	IE	Anu dela e sing gak gelem mbak. Njaluk e kentel ambek aku thok. Kan mulai cilik gak tau anu mbak. Gak gelem njaluk e kintel. Wong turu iku sik njaluk kelon mbak. Gak dikeloni ngono melek wes nggolek i.
331.	IR	Awan nopuo nggeh ngoten?
332.	IE	Gak nek awan gak tau turu. Dek awan nontok tipi ambek bella iku. <u>Nulis-nulis iku mbak mbuh opo ae sing ditulis, nulis ngono iku nek awan iku dek e. Gak tau meneng nuuuliiiss ae pokok e. Opo sing ditulis ditulis ae. Moco-moco buku-buku iku diwocoi kabeh. Nulis ditulis ditulis ditulis.</u> Nek awan iku. Nontok tipi engko mari nontok tipi nulis-nulis.
333.	IR	Nek ten nggriyo ngoten niku ngrencangi tiyang-tiyang to buk?
334.	IE	<u>Iki ngewangi iki korah-korah.. nek mari dikek i sego iku dikorah i. Engko nek onok piring-piring gelas-gelas dikorah i. Del, pan dikak i sego bhebhek dikorah i. Nek onok kotor-kotor dikorah i.</u>
335.	IR	Lek ten kalih njenengan kiyambak ngoten niku ngrencangi nopo mawon nggeh?
336.	IE	<u>Yo asline ngono nek aku umbah-ubah ngono arah e arep ngewangi ambek aku gak tak oleh i. Polae kesuwen.</u>
337.	IR	Njenengan biasae nek dikengken tiyang umbah-ubah ngoten niku kumbahane dibeto mriki nopo dospundi?
338.	IE	Iyo di go mreng mbak. Nek garing diterno. Saiki aku jarang mbak gak onok enggone. Angel enggone saiki. Pasan nang JMP iku akeh mbak kabeh umbah-ubahno nang aku.
339.	IR	Dibayari pinten ngoten niku?
340.	IE	<u>Gak mesti mbak. Kadang seket ewu nek titik telung puluh.</u> Sabun e iku teko wonge. Yo seje londre ambek umbah tangan.
341.	IR	O riyin ten JMP niku nggeh nyucinan ngoten buk?
342.	IE	Enggeh mbak. <u>Nyuci-nyuci.</u> Aku nang JMP gak susah mbak. Reken e gak kekurangan. <u>Gak kurang mangan barang, kadang dikek i uwong.</u> Nang kene sopo mbak, gak onok. <u>Jemuah iku kadang onok wong ngeteri sego rong puluh bungkus dikongkon mbagi. 30 bungkus kongkon mbagi, nek jemuah. Kadang entuk bingkisan kadang onok ngene, onok ngene. Kadang onok wong ngak i ngak i baju-baju bekas ngono iku.</u> Saiki gak nyekel duwet luweh mbak. Lapo nek gak nyambut gawe? Nang kono kan yo

		masi nyambut gawe kan nduwe duwek. <u>Onok wong ngekek i gak sido masak gak sido tuku sego.</u> Engko digawe mene ben irit. Gawe blonjo mene. Kadang masi bengi iku nek onok wong nduwe anu ngono iku ditangeni onok sego.
343.	IR	Tapi ten mriko riyin niku tiyange rukun-rukun to buk?
344.	IE	<u>Iyo rukun-rukun gak onok mbak paling nek gak onok arek sing ngonok-ngonok iku arek lanang-lanang sing begidakan iku. Sing nggarai arek ngombe-ngombe iku lo mbak. Saiki kan wes gak onok.</u>
345.	IR	Tapi ngoten niku nggeh anak-anak jalanan to buk nopo lare kampung?
346.	IE	Yo arek dalanan sing gak kenek dianu iku mbak. Kan onok arek dalanan sing kenek dididik onok. Onok anak jalanan sing gak kenek dididik. Nek sing kenek dididik gak ngombe gak gelem ngombe. Sing gak kenek dididik iku wes ambu minuman wes angel.
347.	IR	Kengeng nopo e buk dela kok seneng tilem ten mriki?
348.	IE	<u>Kan kulino nang jembatan kulino turu nang njobo mbak.</u> Subuh tak jak ngalih. Allahu Akbar iku tak jak ngalih.
349.	IR	Buk niki becak e damel merdamel nopo damel?
350.	IE	Iki becak e uwong mbak. Nyewon iku. Nyewo sedino patang ewu. Apan sepuluh dino patang puluh.
351.	IR	Damel nopo niki kok nyewo?
352.	IE	Yo gawe ndolek rosokan iku mbak. Nek nang kono kan saben e gak atek becak mek dobong, sekek. Dobong kranjang iku lo mbak sing dipikul. Nek oleh disekek ditinggal nggolek maneh. Engko karek njikik. Saiki ndekek dobong ae gak isok. Diresik i terus kok. Tambah saiki dalan e arepe dikek i lampu iku, kan onok anu onok sak mene-mene. Wes digawe cor-coran sak mene. Nang pinggir-pinggir sebelah wetan. Ape dipasang lampu.
353.	IR	Njenengan krasanan ten pundi tapi buk ten mriki nopo ten jembatan.
354.	IE	<u>Yo asline yo enakan nang kampung nek keadaan cukup. Nek keadaan gak cukup mending nang kono. Mikir mbayar kos-kosan sak ulan 350. Nek nang kono kan gak mbayar kos-kosan mbak. Duwek. Te umbah-ubah ngenteni panggon.</u>

355.	IR	Dek wau niku rame to buk? Dospundi to kok saget ngoten?
356.	IE	Yo mbuh mbak wong podo-podo arek cilik e. Aku wes ngono iku wes gak penak ngono iku. Enggak ditarung cumak e eh ngalih-ngalih kabeh gak tak kontrakno kan awak dewe yo prasaan. Iki tuan rumah e loro mbak. Nek pek e cacak e sabar, aku tepak adik e. Mbak rini iku tepak. Tepak cacak e.

LAMPIRAN 8

TRANSKRIP WAWANCARA DAN VERBATIM *SIGNIFICANT OTHER* NARSUMBER 2

TRANSKRIP WAWANCARA ORANG TUA SUBYEK 2

IBU Y

Hari/Tanggal : 20 Agustus 2018

Jam : 17:02-17:36 WIB

Lokasi : Kos-kosan A

NO	IR/IE	Transkrip
1.	IR	Mbak yuli aisyah biasa e nak omah ngewangi opo e
2.	IE	<u>Ngewangi dolen, tuku beras, tak kongkon tuku lengo tak kongkon tuku endok, yo lengo seprapat</u>
3.	IR	Iso ngonoiku mbak
4.	IE	Yo isok
5.	IR	Gak atek gowo catatan mbak
6.	IE	Ogak, yo isok
7.	IR	Nek nak omah iku biasae lapo ae mbak
8.	IE	<u>Kadang kora-kora na gak tak olehi, kadang noto bantal</u>
9.	IR	Noto dewe
10.	IE	<u>Iyoo biasae nyapu-nyapu</u>
11.	IR	Iku toh mbak biasae milu ngamen toh mbak
12.	IE	<u>Iyo kak sek melu ngamen</u>

13.	IR	Biyen iku ngamen dewe toh ikunan mbak
14.	IE	Enggak, mbek della
15.	IR	Ooh biyen melok della, emm tak kirakno dewe
16.	IE	Nek ngamen dewe wedi, lah singitan nak endi
17.	IR	Oalaah wedi, mbak ngono iku sopo seng ngajari koyok sampean ngonoku
18.	IE	Emboh kak, gak onok
19.	IR	Ngerti dewe teko sampean
20.	IE	Gak, aku gak ngongkon
21.	IR	Bee nyawang sampean resik-resik terus dee melu ngono
22.	IE	<u>Paleng ndelok nang TV</u>
23.	IR	Ooh
24.	IE	<u>Arek-arek anu iku seng pelem-pelem kan onok</u>
25.	IR	Umur piro wesana mbak
26.	IE	Umur 6 kate 7
27.	IR	Tapi gurung melbu SD
28.	IE	Iki kak kape tak lebokno
29.	IR	Saiki sampean kate lebokno mbak
30.	IE	Iyoo mene
31.	IR	Gak wes telat mbak
32.	IE	Gpp jare, anu sek nutut pelajaranane loh mumpung sek anu

33.	IR	Emm, nak kene nek sekolah bayar ta mbak
34.	IE	Iya mbak
35.	IR	Ikunan mbak, ben ulan ta? Terus
36.	IE	Iku pertama masok telongatos kurang sepoloh, engkok lek onok perluan tuku tema iku onok dewe, biasae slawe (25) gadang telong poloh (30) tinta iku mbak
37.	IR	Emm gak entok ikunan mbak, opo iku beasiswa
38.	IE	Gak entok kak
39.	IR	Seng winginane ndelok della kok onok kak, onok surat keterangan beasiswa
40.	IE	Onok o tko seng koyok sampean-sampean ngeneiki
41.	IR	Emm,,iya-iyaa oh iya mbak kos nak kene larang-larang yo,
42.	IE	Larang-larang kak
43.	IR	Lah iku nak gonku seng telongatos iku cuwilik mbak na di goni wong loro, dek wingi iku aku golek kos-an mbak
44.	IE	Sampean nek mari kuliah langsung kerja ya
45.	IR	Heem mbak,
46.	IE	Ngeneiki sek nak mak e sampean
47.	IR	Iya mbak, iki loh mbak aisyah nek nak omah sehari-harine yok opo
48.	IE	<u>Yoo kadang nyapu-nyapu kadang lempet-lempet tapi gk tak oleh i</u>
49.	IR	Lah opo o gak sampean olehi
50.	IE	Yoo, wedi gak rapi kak, wedi gak resik
51.	IR	Ngono iku karep edeke dewe mbak

52.	IE	Yo iyoo, arek e iku gak gelem meneng kak, klitiiisan tok arek e, klitisan iku turu gak gelem meneng
53.	IR	Nek awan ngono iku mbak
54.	IE	Nek awan gak gelem turu kak, senengane ngalor ngidol
55.	IR	Gak onok rewange bee mbak nak kene
56.	IE	Gak mbak nak kene akeh
57.	IR	Ooh, wes kulino gumbulane mbek cinta e mbak, nek nok kene iku biasa e lapo ae mbak
58.	IE	Biasa e iku yo turu kadang meneng
59.	IR	Mbak biasa e nek ngamen iku duek e dikekno sampean toh
60.	IE	Gak mbak, digae jajan dewe
61.	IR	Entok piro biasa e mbak
62.	IE	Kadang rolas ewu, kadang slawe ewu
63.	IR	Biyen iku kawitan yoopo kok iso ngamen mbak
64.	IE	Di jak i arek-arek, melok-melok ngono iku
65.	IR	Biyen pas waktu ngamen gak sampean seneni
66.	IE	<u>Diseneni mbak mbek bapak e, tapik e yoopo mane</u>
67.	IR	Ambek adik e mbak
68.	IE	Gak, dewe kak
69.	IR	Berarti meloki arek-arek iku mbak
70.	IE	<u>Iyoo melok-melok i andik, riyon, irpan</u>
71.	IR	Lah iki rencanane kate di sekolah no nak endi mbak

72.	IE	<u>Tak sekolahno nak cinta kak, iki sek nglumpukno duek, nek mari beres-beres iki, polae dek e iku konco e sekolah kabeh wesana, nah wedi e konco e ngelokno yek aisyah gak sekolah wedi e ngono mbak, mosok kabeh sekolah anak ku gak sekolah</u>
73.	IR	Tapi gak nok negri yombak nek umur e kurang iku
74.	IE	Anu melok surabaya kak soal e kk e suwasta
75.	IR	KK e aisyah iku kediri a mbak
76.	IE	Yo kediri
77.	IR	Gak iso berarti mbak akte e nak negri
78.	IE	Gak iso kak
79.	IR	Berarti iku yombak, nek nak kene nek sekolah nak negri iku kudu akte suroboyo
80.	IE	Iyoo kak gak iso, isok enek kepingin negri iku nek nak deso kan KK e podo
81.	IR	Emm heem2, Berarti sampean iki gurung gae KK suroboyo mbak
82.	IE	gurung kak
83.	IR	Tau ngomong mbak “kak aku kate sekolah kak, tapi KK e gurung dadi”
84.	IE	Looh nek dee wes dadi kak, nek dee kate sekolah yo wes kate melbu kak, wong sembarang due, akte due KK due, lek jarene telat-telat gpp pokok e ojok telat sue2
85.	IR	Emm iya mbak, tapi sekolah neng endi mbak seng cedak kene
86.	IE	Iki nak sekolahan e cinta,
87.	IR	Iku suwasta mbak
88.	IE	Iya kak iku suwasta
89.	IR	Dadi siji mbek cinta mbak

90.	IE	Iyo tak dadekno siji mbek cinta, cek enek mlaku bareng berangkat bareng
91.	IR	Adoh ta cedek mbak sekolah e
92.	IE	Cedek kak
93.	IR	Mbak dek wingi nek lomba iku sampean kengken ta karep e dewe
94.	IE	<u>Gak gak tak reken sakkarep e dewe, adeke nangis na lomba-lomba dewe, jare bunda cica, terus konco-konco e iku sering ngelokno “aisya iku ekok tapi kok juara”</u>
95.	IR	Oalah, iyoo iku jare lomba nak kampung barang ikuu
96.	IE	<u>Iyoo lomba koin iku kak, tepak vinal iku kalah kak, tapi dek e iso menang mbak kak mbek bunda iku didu mbek ilham menang dek e, pas nak panggung yo menang dek e</u>
97.	IR	Hhahha, menang juara loro iku, lawan mbek sopo
98.	IE	Iki lawan ilham, <u>lah mbek ilham di emboh ngono di jongkrokno</u>
99.	IR	Loalaah, mangkane kok dek e cerito aslie juara siji kak, tapi aku di jongkrokno
100.	IE	Iyaa kak dadine juara loro
101.	IR	Mabk aisyah iku biasa e nak omah bantu opo ae
102.	IE	<u>Bantu ngocei bawang, mulong, dek e ngoncei bawang mbek mak gak oleh</u>
103.	IR	Lapo kok gak oleh
104.	IE	Wedi gak resing paleng
105.	IR	Tapi ngono iku karepe dek e dewe yo mbak
106.	IE	Heem
107.	IR	Nek nok omah iku mbak
108.	IE	Notonoto na gak tak oleh i mbak, na <u>tuku banyu ngono iku</u>

109.	IR	Loh kok iso mbak
110.	IE	Iyoo onok ledekan, malah ditumpak i adek e
111.	IR	Iso ngono iku
112.	IE	Yo iso
113.	IR	Nek bendinane iku iso ngiapno nek kate sekolah ngono iku mbak
114.	IE	Enggak mbak, sek goleki
115.	IR	Kate sekolah iku sek leren obrak-obrak ta mbak
116.	IE	Asline dek e nek wes dolenan iku wes gak kenek mbak, nek di elengno iku langsung
117.	IR	Lah nek nak sekolahan iki deke gak nganuni rewange
118.	IE	Meneng saki mbak biasa e gudoi arek
119.	IR	Gudoi yok opo
120.	IE	<u>Yo nek meneng engkok dulinan e dijipik</u>
121.	IR	Hahahdeke nek cerito ngono iku jare dulinan e di gowo konco-konco e mbak
122.	IE	<u>Iyo opo mane nek gowo panganan, entek mbak gak di pangan dewe tapi di bagi-bagiin, biyasa e iku nekcinta gak due duek iku di jak kak, ayo cin tuku jajan</u>
123.	IR	Ditukokno
124.	IE	Iyoo mbek iki
125.	IR	Kok jowoo mbak, ngono iku sampean ulang i toh
126.	IE	<u>Enggak mbak gak tak ulangi, ngono dewe</u>
127.	IR	Nah nek pas ikunan mbak, nek pas manganmbek bapak e gak due duek iku dek e nerti toh mbak

128.	IE	<u>Yo biasa nek di kandani “sa gak due duek” yowes mbak ngerti arek e terus wedi</u>
129.	IR	Emm iya-iyaa, tapi kanti ngono iku mbak
130.	IE	Iyoo kanti
131.	IR	Mbak jare aisyah iku tau nolong embah-embah e
132.	IE	Ooh <u>embah buta iku kak, aisyah ngomong kate nengdi mbak? Terus diterno mbek aisyah</u>
133.	IR	Eeh kok ngerti yo mbak ngono iku
134.	IE	<u>Dek e iku ngerti mbak, biasa e nek gowo duek iku dikekno duek e</u>
135.	IR	Ngono iku tiron soo toh mbak
136.	IE	Emboh, ngono iku ngomong ngene, <u>mene nek aku wes gede dadi dokter sampean tak tukokno omah mbek mobil</u>
137.	IR	Iyo mbak dekwingi cerito ngono hiihi, jare ditukokno emas,, Mbak ngeneiki aisyah sedino mangan peng piro e mbak
138.	IE	<u>Peng telu mbak, tempe yo gelem, endok yo gelem, nek due duek yo ayam, tongkol, nek gak due duek yo tahu tempe ngono</u>
139.	IR	Tapi gak atek meleh2 ngono,
140.	IE	Enggak kak
141.	IR	Sek ngombe susu mbak
142.	IE	Gak tau ngombe susu kak
143.	IR	Mbak nek pas sampean gak due duek ngono iku aisyah ngono iku yopo mbak
144.	IE	Nak cinta yowes meneng ngono iku <u>mbak biasa e jalok nak bapak e cinta</u>
145.	IR	Kok wani jalok bapake cinta

146.	IE	Yo soal e cinta iki mbakku
147.	IR	Mbak sampean nok kene iku pirang ulan
148.	IE	Wes setahun kak
149.	IR	Loh, wes suwi yoo
150.	IE	<u>Iyoo mbak, enak an seng biyen gak bayar</u>
151.	IR	Emm iya-iya mbak, ngene iki cacak e kerjo toh mbak
152.	IE	Gk kerjo mbak, tapi kerjo bangunan nek onok garapan, nek gk onok yo gak
153.	IR	Sampean ngono iku yo kerjo ta mbak bendinane
154.	IE	Kerjo kak nak ampel
155.	IR	Lapo ngono iku mbak
156.	IE	Yoo nampung ngono iku mbak
157.	IR	Ooh, nek ampel tok
158.	IE	Iya
159.	IR	Ngono iku arek2 yo melu
160.	IE	Yo melok kak
161.	IR	Lah ngono iku mbek sopo ae mbak
162.	IE	Mbek wong akeh mbak wong kene2
163.	IR	Ngono iku gk tau ketemu sampean mbk
164.	IE	Emm gak tau
165.	IR	Nak kene iku pergaweanne opo toh mbak

166.	IE	Ngoncek, onok seng bojo e nyuper, mbecak
167.	IR	Mbak lah sampean biyen kok iso ngampung iku di jak sopo mbak
168.	IE	<u>Dewe mbak mulai prawan waktu umur 2 tahun</u>
169.	IR	Nek della iki mbak
170.	IE	Yo podo mulai bayi tapi paling suwe bapak e suwidak taunan
171.	IR	Sampean biyen tau tinggal nak deso ta mbk
172.	IE	Gak uman aku mak, <u>aku tinggal e yo nak pinggir kali iki</u> , nek onok KTP iku na onok coblosan yo oleh kak
173.	IR	Oalaah iya mbak, mbak ngene iki digae nyukupi jajan e aisyak iku saklianne cacak e seng kerjo ngono iku sampean lapo ae
174.	IE	<u>Golek bawang kak</u>
175.	IR	Nak endi mbak
176.	IE	<u>Nak pasar pabean, sak kilo e 15rb, kadang oleh rongkilo</u>
177.	IR	Iku bendino mbak
178.	IE	Iyoo kak Berarti maisuk ngene iki
179.	IR	Berarti maisuk ngene iki
180.	IE	Yo enggak kak
181.	IR	Lah ngenteni opo
182.	IE	Anu mbak iki kate pindah
183.	IR	Lah rencanae kate pindah nak endi mbak
184.	IE	Iki mbak nak gang 10

185.	IR	Ngono iku yo iso ngekei wong tuo barang mbak,
186.	IE	Yo kadang ngekei kadang enggak
187.	IR	Ngekei seng sopo e mbak
188.	IE	Mak iku, mak inem
189.	IR	Lah lek moleh iku nak sopo
190.	IE	Yo nak cacak e iku mbak
191.	IR	Oalaah kok gak pengen muleh nak deso ae mbak, bek e nak deso mergae nak sawah e uwong mbak
192.	IE	<u>Gak cukup mbak, nek nak deso iku biasa e salawe telongpoloh sedino</u>
193.	IR	Na nekkene iku sedino entok piro
194.	IE	Entok 40
195.	IR	Dewe
196.	IE	Yo sak anak-anak e kak
197.	IR	Emm enggeh-enggeh mbak, makasih ya mbak

LAMPIRAN 9

TRANSKRIP WAWANCARA DAN VERBATIM *SIGNIFICANT OTHER* NARSUMBER 3

TRANSKRIP WAWANCARA TETANGGA SUBYEK 3

IBU N

Hari/Tanggal : 31 Agustus 2018
 Jam : 19:11-19:30 WIB
 Lokasi : Perempatan Jl Sasak

NO	IR/IE	Transkrip
1.	IR	Mbak ipan iku yoopo toh ket cilik iku, menurut sampean ipan iku yoopo
2.	IE	Iki tak jawab gae bahasa jowo apa bahasa indosenia
3.	IR	Haha terserah2
4.	IE	Areke sepengetahuanku, <u>ipan iku areke meneng kak, tapi ngamukan lek di garai tapi, lek gak digarai disik iku meneng, pendiem ngono loh kak, lek gak di omongi mbek arek2 iku gak ngomong, lek dijak ngomong yo ngomong tapi, nek digarai nguamok2 temen kak</u>
5.	IR	Ngamuk e yoopo
6.	IE	Ngamuk kak, yo digepok kak, pokoke gak gelem ngalai tapi nek deke dianu na kelaran iku baru meneng kak tapi, seumpamane gak digarai deke gak nanu kak, <u>meneng gak akeh ngomong</u>
7.	IR	Terus ikunan mbak, nek nak omah dekne iku yokopo
8.	IE	Nek mari golek duek turu kak tapi yo gak tau ngaji
9.	IR	Nek mbek uong ngene iki yokopo, nyopoan ta yo opo
10.	IE	<u>Yo iku kak gak nyopo tapi nek ditakok i bapakne “mari mangan pan” jawab e enggak terus wes gak ngomong opo2 mane, ipan iku nek krep e yo karepe</u>

11.	IR	Terus nek mbendinane arek e yokopo mbak buasae
12.	IE	Mulai dari pagi yoo, <u>arek iku lak gak sekolah kak lek bengi lak golek duek mulai dari pagi iku yo turu</u> kak sampe awan, mari awan turu engkok turu terus iku mangan loh yo tapi gak adus, mari mangan iku awan2 engkok sore golek duek kadang awan yo budal sampe bengi kak nah gak boleh nak omah e
13.	IR	Eemm
14.	IE	Ibuk e lak nak rusun, iku gak muleh nak rusun terus muter2 mbek andik, terus ketok aku
15.	IR	Ngono iku gak digoleki mbak
16.	IE	<u>Yo digolek i kak arek e mokong, anggone nak trotoar nak pinggir kali iku loh turu e ndek kono terus tak tangeni mbek aku, mokong arek e kak gak gelem, yo tak kandakno nak deh ne atau nak ibuk e sek tetep gak gelem mbak, yo tak omongno nak bapak e akhir e gelem</u>
17.	IR	Eemm berarti manut e iku Cuma karo pakne yo
18.	IE	Iyoo kadang sek leren diseneni
19.	IR	Mbak ipan iku ket kapan melu ngamen
20.	IE	Ket nyorong becak, <u>pertama iku nyorong becak kak, trus ngamen dijak maya, akhir e ngamen teruus, saiki tambah soro</u>
21.	IR	Lapoo seh mbak aslie dekne iku kok ngamen mbak
22.	IE	Ya <u>karena kebutuhan e wong tuone, saiki tambah bapak e gak onok yo kadang dikon ngemong adek e loro tapi, adek e siki digowo mbah e nek ngono diramut, nek gak ngono yo tambah soro kak, aiki ngemong seng Boy, adek e irpan iku kan telu, Boy, Kevin, Irwan, nek seng diandalno saiki iku irpan nek ngamen iku duek e dikekno ibuke</u>
23.	IR	Berarti irpan iku seng dijagakno yo mbak, sakmayane barang
24.	IE	Maya iku gae mbahe, melok mbah e dewe iku kak
25.	IR	Oalaah

26.	IE	Nek irpan iku ibuk e dewe
27.	IR	Berarti seng oleh maya iku di weneo mbah e trus irpan iku wenehno ibuk e
28.	IE	Iyoo kak, lek disik iku sampe kuruuu, duwe penyakit iku kak
29.	IR	Sopo toh
30.	IE	Sesek iku kak, sakeng saiki ae wes rodok lemu, <u>soal e kan meneng nang guri terus nyurung2 becak nah akhir e arek e kenek debu</u>
31.	IR	Mbak ngono iku biyen mereka ngamen iku karepe dewe atau mwlok konco e opo karena dikongkon seh asli e
32.	IE	<u>Onok sebagian seng dikongkon, onok sebagian seng karepe dewe soal e kan delok konco e gowo duek dewe, yowes akhir e melok ae tapi, orang bantaran kan wes tradisi kak isok gak isok yo melok kak,</u>
33.	IR	Oalah
34.	IE	Iku nek wong tuo e tetep melok kak, tai yongono kak gae jajan
35.	IR	Mbak lah biyen disek ekonomine keluargae irpan iku sakdurung e bapak e gak onok
36.	IE	Yoo sek mendingan kak, <u>kan ayah e pemulung</u> yaa kadang nyetor, lah saiki kan sak seneng e, saiki kan lek nbengi sek golek duek
37.	IR	Ngono iku dikongkon gak seh mbak
38.	IE	Saiki
39.	IR	Heem
40.	IE	Yoo dikongkon aslie kak <u>yo karepe dewe yo iku wes tradisi aslie kak, meski gak dikongkon tetep ndelek arek iku, soale sudah termasuk kesenangan soale mbek dolen arek e, lek nak omah entok opo wong konco2 e golek kaeh, masi tukaran masi opo tetep golek duek, kelompok2an nek tukaran tapi, engkok kumpul mane</u>
41.	IR	Emm Nek ibuk e biyen e kerjo opo seh mbak

42.	IE	<u>Leles bawang kadang gak tau leles kak, yo ngandalno bapak e</u>
43.	IR	Dulur e irpan iku piro seh mbak
44.	IE	Dulure irpan iku pitu kak, mati sitok, pas seng saiki dek kekno uong loro
45.	IR	Oh berarti seng saiki seng terakhir iku di wenehno uong mbak
46.	IE	<u>Lek maya iku melok mbak e, nek nak ibuk e iku irwan, kevin, boy,</u>
47.	IR	Dan irpan iki sek golek duek mbak, irpan biyen e tau sekolah ta mbak
48.	IE	Eemm gak tau sekolah iku diluk tok
49.	IR	Gak tau sekolah bals
50.	IE	<u>Gak tau kak gak tau sekolah blas cuma klas siji</u>
51.	IR	Jarene biyen tau sekolah mbak
52.	IE	Enggak, dikon ngaji yo leren
53.	IR	Opoo seh mbak kok gak tau sekolah, jarene biyen tau sekolah terus pas nak sekolahan di anu koncoe mbak, akhire gak gelem sekolah
54.	IE	Iku duduk irpan, kak tapi, maya seng <u>dilokno</u> iku
55.	IR	Ooh seng dilokno iku maya
56.	IE	Heem kak,
57.	IR	Opoo yombak kok gak sekolah
58.	IE	<u>Soale gak due duek mbak, masalah ekonomi, wong kene iku aslie isok sekolah tapi, putus2 kak soale cari uang soal ebengi jam 11 kadang sek playonan, menene kate tangi gak isok tangi, yo iku kendalae, nek wong tuo e gak mendukung kurang ngono iku mbek duek nomer loro, saiki sek enak sek onok bunda, meskipun gak sekolah sek iso moco, disekek kak ibu e aisayah iku tambah gak iso moco, iku kan sek enom</u>

59.	IR	Ibuk e aisyah iku gk tau sekolah mbak
60.	IE	Tambah iku, gak tau blas kak, tapi aisyah saiki sekolah
61.	IR	Wes sekolah kelas siji saiki mbak
62.	IE	Uwes TK B, saiki ngamuk kak gak sekolah soal e tase didol mbek mae gara2 gak due duek
63.	IR	Emm,, berarti kebanyakan arek2 seng ngamen iku karena kesadaran e mereka dewe yo mbak, nyawang ikunane wong tuo e
64.	IE	Iyo kak, biyen iku malah golek dulen terus sampek totok adoh2 sampe kretajaya sampe gak moleh2 nak rusun sampe sembayang e nak kuburan
65.	IR	Oo tapi biyen e iku tinggal e nak rusun yo mbak mbek bapak e iku, bapak e kspan seh mbak meninggal e
66.	IE	Sak bulan iki
67.	IR	Eem lage sak bulan iki berarti
68.	IE	Patang puloh dinane kemarin
69.	IR	Oalaah wes patang puloh dinane
70.	IE	Iyoo kemarin iku
71.	IR	Sampean lak tonggo e, sampean tau gak ditulungi irpan
72.	IE	Yo nek <u>irpan nangis iku nyeluk mbak ninaaa mbak ninaaa nailane nangis</u>
73.	IR	Hihhi
74.	IE	Yo ngono iku kak, <u>nek aku nak gudang wayae ngepel2 pan, jupukno pel, nah iku dijupukno kak, ayoo pan ewangono bersei ewangono ngangkuti banyu</u>
75.	IR	Emm,, tapi jarang muleh nak rusun yo mbak

76.	IE	<u>Jarang, gak due duek mbak gae riwa riwi ne, terus nak kono mangan opo, nek nak kene gak iso golek duek, nek nak kono iku gak onok kerjoan e kak, saiki gak onok ayah e trus numpak len, nah len e kan limangeu wong sitok kak, onok rong kilo lebih</u>
77.	IR	Oalaah berarti iku sak adik2 e iku turu nak kene
78.	IE	Iyo, yo nak ngarep e gudang ikuu
79.	IR	Nek turu nak kono gak onok obraan satpol ta mbak
80.	IE	Onok kak nek gak bengi
81.	IR	Terus tonggo2 e rusun iku nerti ta mbak nek irpan iku ngamen
82.	IE	Koyokanne gak ngerti kak
83.	IR	Berarti cuma wong kene2kene tok yombak
84.	IE	Iyoo gak ngerti, kan soal e jarang muleh mbak
85.	IR	Emm iyo seh mba, seng dekne iku biasa e sholat ta ngaji ngono e mbak,
86.	IE	<u>Nek di kongkon yo gelem biasae iku tapi, saiki iku gak tau ngaji, nek mayae gelem nek irpan e gak gelem</u>
87.	IR	Lah opoo kok gak gelem
88.	IE	Ayoo pan ngaji pan, iyoo engkok
89.	IR	Mbak ngono iku duet oleh ngamen iku di wenehno ibuk e ta mbak
90.	IE	Iyo kaak
91.	IR	Tanpa dijelok
92.	IE	<u>Langsung di wenehno</u>
93.	IR	Terus duek e digae opo ngono iku mbak

94.	IE	<u>Yo digae adekne, gae tuku susu e adekne gae mangan</u>
95.	IR	Berarti ngono iku nek gak entok duek iku gak mangan mbak
96.	IE	Gak mangan
97.	IR	Gak mngan opo2 blas kak
98.	IE	<u>Yo gak mangan kak, kadang ngutang</u>
99.	IR	Oalaaah iya2 mbak, yauwes ngono ae yo mbak suwon yo mbak
100.	IE	Emm iya2 kak.`

LAMPIRAN 10

INFORMED CONSENT

INFORMED CONSENT

Assalamualaikum Wr.Wb.

Dengan penuh rasa hormat, pada kesempatan kali ini saya mengharapkan kesediaan saudara untuk berpartisipasi dalam penelitian yang saya lakukan. Penelitian ini merupakan penelitian untuk pengambilan data skripsi saya guna memenuhi syarat untuk menjadi Sarjana Psikologi. Saya mahasiswi S1 Fakultas Psikologi Universitas Muhammadiyah Surabaya

Nama : Debby Pratiwi

NIM : 2014 176 3041

Bermaksud akan melaksanakan penelitian tentang "*Sense of Responsibility* pada Anak Marginal Usia 6-10 Tahun". Pada dasarnya setiap pertanyaan yang saya ungkapkan merupakan peristiwa dan pengalaman yang pernah anda alami sebelumnya, sehingga saya sangat mengharapkan kepada saudara untuk menjadi rekan dalam penelitian kali ini. Selama pengambilan data ini berlangsung dengan penuh rasa hormat saya menginginkan saudara mengungkapkan sejujur-jujurnya dan sesuai dengan kondisi yang pernah saudara alami. Saudara tidak perlu ragu-ragu dalam menjawab setiap pertanyaan, sebab kerahasiaan identitas dan jawaban saudara sepenuhnya dijamin oleh etika akademik penelitian.


Atas partisipasi dan kesediaan saudara, saya ucapkan banyak terimakasih. Semoga setiap informasi yang saudara sampaikan dalam penelitian ini akan sangat berguna, tidak hanya berguna pada penelitian kali ini saja, melainkan juga sangat bermanfaat bagi perkembangan ilmu pengetahuan terutama dalam bidang Psikologi. Aamiin.

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Informan


(Dela)

Peneliti


(Debby Pratiwi)

INFORMED CONSENT

Assalamualaikum Wr.Wb.

Dengan penuh rasa hormat, pada kesempatan kali ini saya mengharapkan kesediaan saudara untuk berpartisipasi dalam penelitian yang saya lakukan. Penelitian ini merupakan penelitian untuk pengambilan data skripsi saya guna memenuhi syarat untuk menjadi Sarjana Psikologi. Saya mahasiswi SI Fakultas Psikologi Universitas Muhammadiyah Surabaya

Nama : Debby Pratiwi


NIM : 2014 176 3041

Bermaksud akan melaksanakan penelitian tentang "*Sense of Responsibility* pada Anak Marginal Usia 6-10 Tahun". Pada dasarnya setiap pertanyaan yang saya ungkapkan merupakan peristiwa dan pengalaman yang pernah anda alami sebelumnya, sehingga saya sangat mengharapkan kepada saudara untuk menjadi rekan dalam penelitian kali ini. Selama pengambilan data ini berlangsung dengan penuh rasa hormat saya menginginkan saudara mengungkapkan sejujur-jujurnya dan sesuai dengan kondisi yang pernah saudara alami. Saudara tidak perlu ragu-ragu dalam menjawab setiap pertanyaan, sebab kerahasiaan identitas dan jawaban saudara sepenuhnya dijamin oleh etika akademik penelitian.


Atas partisipasi dan kesediaan saudara, saya ucapkan banyak terimakasih. Semoga setiap informasi yang saudara sampaikan dalam penelitian ini akan sangat berguna, tidak hanya berguna pada penelitian kali ini saja, melainkan juga sangat bermanfaat bagi perkembangan ilmu pengetahuan terutama dalam bidang Psikologi. Aamiin.

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Informan


(aisyah)

Peneliti


(Debby Pratiwi)

INFORMED CONSENT

Assalamualaikum Wr.Wb.

Dengan penuh rasa hormat, pada kesempatan kali ini saya mengharapkan kesediaan saudara untuk berpartisipasi dalam penelitian yang saya lakukan. Penelitian ini merupakan penelitian untuk pengambilan data skripsi saya guna memenuhi syarat untuk menjadi Sarjana Psikologi. Saya mahasiswi SI Fakultas Psikologi Universitas Muhammadiyah Surabaya

Nama : Debby Pratiwi

NIM : 2014 176 3041

Bermaksud akan melaksanakan penelitian tentang "*Sense of Responsibility* pada Anak Marginal Usia 6-10 Tahun". Pada dasarnya setiap pertanyaan yang saya ungkapkan merupakan peristiwa dan pengalaman yang pernah anda alami sebelumnya, sehingga saya sangat mengharapkan kepada saudara untuk menjadi rekan dalam penelitian kali ini. Selama pengambilan data ini berlangsung dengan penuh rasa hormat saya menginginkan saudara mengungkapkan sejujur-jujurnya dan sesuai dengan kondisi yang pernah saudara alami. Saudara tidak perlu ragu-ragu dalam menjawab setiap pertanyaan, sebab kerahasiaan identitas dan jawaban saudara sepenuhnya dijamin oleh etika akademik penelitian.

Atas partisipasi dan kesediaan saudara, saya ucapkan banyak terimakasih. Semoga setiap informasi yang saudara sampaikan dalam penelitian ini akan sangat berguna, tidak hanya berguna pada penelitian kali ini saja, melainkan juga sangat bermanfaat bagi perkembangan ilmu pengetahuan terutama dalam bidang Psikologi. Aamiin.

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Informan

IR Fan
(IR Fan)

Peneliti

Debby Pratiwi
(Debby Pratiwi)

LAMPIRAN 11. KARTU KONSULTASI SKRIPSI

KARTU KONSULTASI SKRIPSI

Nama : Debby Pratiwi
 Pembimbing 1 : Dra. Wini J. Prihastini, M.Si
 Pembimbing 2 : Feby Khosimah, S. Psi, M.Psi, Psi
 Judul : Scale of Responsibility pada anak Marginal Usia 6-10 Tahun
di Surabaya

No	Tgl/Bln/Tmn	Revisi	Tanda Tangan
1	5/5/2018	diplotkan ke H_0 <u>Scale of Responsibility</u>	<i>[Signature]</i>
2	21/5/2018	Menambahkan teori perkembangan psikososial Erik Erikson, portret kognitif Kohlberg, perkembangan prososional Freud pada masa kanak-kanak.	<i>[Signature]</i>
3	16/6/2018	Bab II Revisi	<i>[Signature]</i>
4	5/6/2018	Bab III revisi sedikit	<i>[Signature]</i>
5	20/6/2018	Bab II Revisi	<i>[Signature]</i>
6	25/7/2018	Bab II acc	<i>[Signature]</i>
7	31/7/2018	Bab II	<i>[Signature]</i>
8	7/8/2018	Revisi Bab II	<i>[Signature]</i>
9	22/8/2018	Revisi Bab II	<i>[Signature]</i>
10	5/9/2018	Bab II penambahan typo	<i>[Signature]</i>
11	19/8/2018	Bab II acc lanjut Bab II + interview guide.	<i>[Signature]</i>
12		Bab II ditambal Teri Belegis → fase Terbutuh Rosn Tj. pd acc	<i>[Signature]</i>
13	18/8/2018	Bab II tag akur acc Ambil data.	<i>[Signature]</i> <i>[Signature]</i>
14	12/9/2018	lebih di dalam (probing 2)	<i>[Signature]</i>
15	17/9/2018	Analisis data → Tema → Kategori	<i>[Signature]</i>
16	28/8/2018	Analisis data Bab 4. Revisi	<i>[Signature]</i>
17	29/8/2018	Analisis Data. Ok	<i>[Signature]</i>

CS Scanned with CamScanner

KARTU MONITORING UJI

Nama : Deby Pratiwi
 Pembimbing 1 : Dra. Widad J. Prihastuti, M.Si.
 Pembimbing 2 : Ferry Kusumadewi, S. Pd., M.Pd., Pd.
 Judul : Genes of Susceptibility pada Virus Marburg oleh C-12
untuk di Area Sumbawa.

No	Tgl/Bln/Thn	Revisi	Peny Tanda
18	30/08/2018	Acc Revisi Pmb 1.	<i>[Signature]</i>
19	05/09/2018	Acc Acc Revisi	<i>[Signature]</i>
20	05/09/2018	Acc Ujian Pemb 1 Acc HA.	<i>[Signature]</i>

LAMPIRAN 12. SURAT KETERANGAN BEBAS PLAGIASI



PERPUSTAKAAN
UNIVERSITAS MUHAMMADIYAH SURABAYA

ASLI


SURAT KETERANGAN BUKTI BEBAS PLAGIASI

Naskah tugas akhir / skripsi / karya tulis / tesis*) yang diserahkan atas :

Nama : DEBBY PRATIWI
 NIM : 20141763041
 Fakultas/Jurusan : F. PSIKOLOGI / S1 PSIKOLOGI
 Alamat : D. Saharwotan 07/02 Kec. Ngimbang Kab. Lamongan
 Judul : Sense of Responsibility Pada Anak Marginal usia 6-10 Tahun di Kota Surabaya


telah diserahkan dan memenuhi kriteria batas maksimal yang sudah ditentukan.

Petugas perpustakaan




PURNI R. S.CIP

Surabaya, 06 SEPTEMBER 2018
 Mahasiswa,



DEBBY PRATIWI

Mengetahui,
 Kepala Perpustakaan


 Dra. Mas'udah, M.A.

*) Coret yang tidak perlu

sense of responsibility

ORIGINALITY REPORT

16%
SIMILARITY INDEX

16%
INTERNET SOURCES

4%
PUBLICATIONS

%
STUDENT PAPERS

PRIMARY SOURCES

1	eprints.uny.ac.id Internet Source	3%
2	media.neliti.com Internet Source	1%
3	digilib.unila.ac.id Internet Source	1%
4	docplayer.info Internet Source	1%
5	repository.unpas.ac.id Internet Source	<1%
6	glosariums.blogspot.com Internet Source	<1%
7	etheses.uin-malang.ac.id Internet Source	<1%
8	anzdoc.com Internet Source	<1%
9	docobook.com Internet Source	<1%

LAMPIRAN 13. ENDORSEMENT LETTER

**UNIVERSITAS MUHAMMADIYAH SURABAYA**
PUSAT BAHASA

Jl. Sutorejo 59 Surabaya 60113 Telp. 031-3811966, 3811967 Ext (130) Gd. A Lt 2
Email: pusba.umsby@gmail.com

ENDORSEMENT LETTER
723/PB-UMS/EL/X/2018

This letter is to certify that the abstract of the thesis below

Title : The Sense of Responsibility to Marginal Children Ages 6-10 Years in Surabaya City
Student's name : Debby Pratiwi
Reg. Number : 20141763041
Department : SI Psikologi

has been endorsed by Pusat Bahasa *UMSurabaya* for further approval by the examining committee of the faculty.

Surabaya, 01 October 2018

Chair

Waode Hamsia, M.Pd